ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№242 (23.650) ● 2017 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гу зылъытапхъэ

Дыгъэгъаэзм и 20-м сыхьэт 18-м «Россия-1» (КъБР) каналым занщІэу эфирым кІуэуэ къыщыпсэлъэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

Фи упщІэхэр евгъэхь хъунущ мы электрон адресхэмкІэ:
press-glava@kbr.ru, online-glavakbr@mail.ru
е 8(8662) 40-76-19, 8(8662) 40-43-07, 8(8662) 40-67-56
телефонхэмкІэ фыпсалъэу яжефІэ хъунущ махуэ къэс сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ 18-м нэсыху.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Зыпэрыт ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр къызэрыщахьам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын

Акаевэ Аминат Зуфар и пхъум - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм граждан Іуэхухэмкіэ актхэр тхынымкІэ и къудамэм и унафэщІым

Дэлэл Нелэ Михаил и пхъум

Мыд Жаннэ Къэралбий и пхъум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм граждан Іуэхухэмкіэ актхэр тхынымкІэ и къудамэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъаэзм и 18-м
№164-УГ

Сымаджэхэм я тыншыгъуэм тращІыхь

● Узыншагъэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Бахъсэн къалэм щауху Диализымкіэ центрым дыгъэгъаэзм и 16-м щыІащ. 2017 гъэм кІуриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ Іуэхущ Іапіэу иІэм щы къахэхъуэнущ.

АБЫХЭМ яз Бахъсэн къалэм къэрал, уней ахъшэкІэ щауху щ, абы Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ щыналъэхэм къикІ сымаджхэм щеІэзэну Іэмал яІэнущ. Иджыри къэс Диализымкіэ зы центр закъуэ Нарткъалэ дэту лэжьауэ аращ.

КІуэкІуэ Юрий центрыщІэм и дохутырхэмрэ ІэщІагъэлІхэмрэ щахуэзам, къыхигъэщащ 2017 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къалэм Къалмыкъым и цІэр зезыхьэ зыгъэпсэхупІэм хэту гемодиализымкІэ «Нефролайн» центрыр къызэрыщызэІуахар, 2018 гъэм и щІышылэ - мазае мазэхэм Налшык къалэ сымаджэщым апхуэдэ Іуэхущ Іапіэм лэжьэн зэрыщыщІидзэнур. КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ цІыху 40-м тещІыхьауэ Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщым епхауэ амбулаторнэ диализымкІэ центрыр уху эныр зэрарублар, ар 2018 гъэм и кІэ пщІондэ хьэзыр хъуну зэрыщыгугъыр. Апхуэдэ щыкІэкІэ республикэр къызэгъэпэща хъунущ диализымкІэ Іуэхутхьэбзэхэр щагъуэт сымаджэщхэмкІэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, мы зэманым республикэм зи жьэжьейр тэмэму мылажьэ цІыху 330-рэ щопсэу, абыхэм тхьэмахуэм щэ дохутырхэр зыкІэлъагъэплъын хуейщи, мыпхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм зэрызрагъэубгъуар сэбэпышхуэ хъунущ.

- Медицинэм зиужьын папщІэ, ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ диализымкІэ центрхэр зэпэувыдауэ щымытыныр. Сымаджэхэмрэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ зэрыхъуКІэ зэгъунэгъуным егугъун хуейщ. Сымаджэщыр иджырей мардэхэм тету, къагъэлъэгъуа пІалъэм фІэмыкІыу яухуащи, абы икъуКІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Юрий щыщигъэгъуэзащ Бахъсэн район сымаджэщым и щытыкІэми. Абы къыжраІащ 1936 гъэм яуа сымаджэщыр жьы дыдэ зэрыхъуар икІи мардэхэм къызэремызэгъыжыр. Сымаджэщым хэтщ хирургие, неврологие, травматологие, реанимацІэ къудамэхэр. КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ, сымаджэщыр жьы дыдэми, къабзэу зэрызэрахьэр гуапэ зэрыщыхъуар.

КъБР-м и Іэтащхьэм Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэныкІэ министерствэмрэ пщэрылъ ящищІащ сымаджэщыр зэгъэпэщыжыныр федеральнэ программэм зэрыхагъэхьэнум егупсысыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къуажэр къощІэрэщІэж

«Урысей зэкъуэтым» и парт проектым хиубыдэу Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Ерокъуэ къуажэм дащІыхьа щэнхабзэ унэр къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ зэхьхьэ дыгъэгъаэзм и 15-м екІуэкІащ. Къуажэдэсхэр зыщыгуфІыкІа а Іуэхум кърихьэлІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и секретарь Афэщ Іагъуэ Михаил, КъБР-м щэнхабзэмкІэ министр Къумахуэ Мухьэдин, партым и Къэбэр-дей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщІ Парафилов Дмитрий, Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Инжыджокъуэ Сэфарбий, районым хьхьэ къуажэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІуЦІэм хэта къуажэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ фІэхъус псалъэхэмкІэ захуигъаазэри, Ерокъуэ къуажэм и Іэтащхьэ Бэрсокъуэ Амур республикэм и унафэщІхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу хахауэ Къэрал Думэм хэт депутатхэм, партым и щІыналъэ къудамэм и политсоветым фІыщІэ яхуищІащ илъэси 10-м щІигъуауэ къуажэр хуабжу зыщІэхъуэпсІуэхущІапІощІэр щІыныкІэ зэфІагъэкІахэм папщІэ.

Ерокъуэр жылэшхуэхэм ящымыщми, тхыдэрэ щэнхабзэкІэ къулейщ. Абы къыдэкІащ зи цІэр жыжьэ щызыгъэІуа цІыху куэд: «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакІуэ цІэрыІуэхэу Балъкъэр Забидрэ Балъкъэр Лейлэрэ, КъБР-м и къэрал филармонием и дирижёру куэдрэ лэжьа АфІэунэ Хьэмид, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Бэрсокъуэ Еленэ, КъБР-м и Музыкэ театрым и балетмейстер нэхъыщхьэ Гъубжокъуэ Болэт, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Азэмэт Наталье, КъБР-м и цІыхубэ артист, къэрал урыс драмэтеатрым и режиссёр Балъкъэр Юрий сымэ.

Гуфіэгъуэ зэхьхьэм псалъэ гуапэхэр щыжаІащ АфэщІагъуэ Михаил, Инжыджокъуэ Сэфарбий, Къумахуэ Мухьэдин сымэ. ИужькІэ цІыху 30 зыщІэкъуэ пэшышхуэм концерт гъэщІэгъуэн щагъэлъэгъуащ районым хьхьэ къуажэхэм я къэфакІуэ, уэрэджьІакІуэ гупхэм.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

УФ-м и Президентым хэхыныгъэм хэтын папщІэ езым зэрызыкъигъэлъэгъуэжар «Урысей зэкъуэт» партым деІыгъ

Партыр къэралым и Іэтащхьэм и хэхыныгъэ Іуэхуэм жыджэру хэтынущ икІи абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІынущ, жиІащ «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэм и секретарым и къалэнхэр зыгъэзащІэр Турчак Андрей.

«ДЭ ДЫДОІЫГЪ УФ-м и Президентым хэхыныгъэм хэтын пащІэ езым зэрызыкъигъэлъэгъуэжар икІи хэхакІуэхэм абы и телъхьэу Іэ зыщІадза тхылъхэр зэхуэхьэсынымкІэ тхузэфІэкІ къэдгъэнэнукъым. АбыкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэ хъунущ «Урысей зэкъуэтыр» щІыналъэхэм нэхъ зыщІэзыубгъуа партуэ зэрыщытыр», - кІэхъикІэщхэхукІащ Турчак Андрей.

Партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарым и къалэнхэр зыгъэзащІэм къигъэлъэгъуащ Путин В. В. Урысейм и лъэпкъ пашэу зэрыщытыр икІи абы парт, зэщІэхъеенныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэрыдэщІыр.

«Путин Владимир парт пыухыкІам къыбгъэдэмыкІыу, къэралым ис псоми я щІэкІэ хэхыныгъэм хэтыну зэриморадзыр гурыІуэгъэщ. Партым мыгувэу иригъэкІуэкІыну съездым дэ къыщыщтэнущ абы и кандидатурэр зэрыдэтІыгъым теухуа унафэ. Апхуэдэ унафэм папщІэ делегат псоми зэзэхьыгъэуу Іэ зэрэтетынум шэч къытесхьэркъым», - жиІащ Турчак Андрей.

«Урысей зэкъуэт» партым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

☸ Ди къуэш республикэхэм

Мейкъуапэ и Илъэсыщ Іэ псей

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и щыхьэр Мейкъуапэ Илъэсыщ Іэ псейр къыщызэІуахынущ дыгъэгъаэзм и 23-м. Іуэху гуапэм хэтынущ таурыхъ лІыхъужьхэр.***

МЕЙКЪУАПЭ щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ къаполпІэ илъэсыщ Іэ джэгухэр, зэпеуэхэр, абы-хэм я нэгу зрагъэжьынущ щыхьэрым и гуп нэхъыфІхэм. Махуэшхуэ зэхьыхьэхэр ящлэнущ гъуазджэм и Іэпщ Іэльъапщ Іэхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр щащэну жармыкІэмкІэ. Адыгейм и щыхьэрым щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ щыгуфІыкІынущ сурэт зытехьпІэхэмрэ сабий аттракционхэмрэ хуэщІа щІымахуэ къалэ цІыкІым. Шэджагъуэ нэужьым къызэІуахынущ къэфапІэ утыкур.

«Ателика Крокус» хьэщІэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Дыгъэгъаэзм и пэ махуэм и бжэхэр зэІуихащ Домбей поселкэм и кум щауху «Ателика Крокус» бгы-лыжэ хьэщІэщым.***

ДОМБЕЙ зыгъэпсэхупІэм фІыуэ щыгуаэзщ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм дихьэхэр, абы щыІэщ зыбгъэпсэхун, къэбжьыхьын папщІэ узыхуеину псори: гъэзгухэр зэпэщщ, Кавказ бгыхэм я дахагъым уетхьэкъу.

КъатиплІу зэтет хьэщІэщым пэш 67-рэ хэтщ. Уасэм хохьэ «Бештау» рестораным щыпщІ хъуну пщэдджьыжьышхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Ди нэхъыжьхэр

МыкІуэдыжын лъэужь

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ Советым зауэм хэтахэр щагъэлъэпІащ.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, Налшык мы зэманым зауэм хэтауэ цІыху 99-рэ щыпсэужу аращ. Абыхэм ящыщу зэхьыхьэм 20-щ къэкІуэфар. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэми игу къигъэкІыжьи и мащІэтэкъым: хэти и нэгу къыщІигъэхьэжьрт зэхэуэ гуащІэхэр, хэти хъыбарыншэу кІуэда я Іыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, зауэ нэужь лъэхъэнэм яшэча гъаблэмрэ гугъуехьхэмрэ. УФ-м и Дзэ къару зэщІэгъэзІуэхэм къулыкъум пэрымытыж и офицерхэм я зэгухьэныгъэм и лІыкІуэ Атаев Жашербек ветеранхэм фэеплъ медалхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ. «100 лет противовоздушной обороны» медалымкІэ и цІэ ираІуащ 1077 зенитотпгъауэ полкым хэта Асташевэ Любэ. «В память о народном ополчении» медалыр - партизану щыта Полиневская Ядвигэ. Зауэм лІыгъэ щызезыхьаэхэмрэ хъыбарыншэу хэкІуэдахэмрэ щагъэлъэпІа зэІущІэм къыщыпсэльъэхэм къыхагъэщащ Текіуэныгъэ иныр къытхуэзыхьаэхэмрэ абы зи псэр щІэзытаэхэмрэ я щапхъэр цІыхубэм я гъуаэзу сыт щыгъуи зэрыщытынур.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Лъэпкъым и фІыгъуэхэм ящыщщ

Прохладнэ районым хыхьэ Алтуд къуажэм сыщыщщ. Си ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу икІи унагъуэ 80 хъу Къэжэрхэ я лъэпкъым сранэхъыжьщ.

ИЛЪЭС 61-рэ хъуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым сришІэджыкІакІуэщ. Адыгэбзэкіэ республикэм къыщыдэкІ газет закъуэр къыкІэрыкъыжьэнкІэ си нэгу къыскъущІэгъэхьэркъым. Сэ сызэреплъымкІэ, ар дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми яІэрыльэу щытын хуейщ.

КІуэ пэтми, газетыр и теплъэкІи, и купщІэкІи йофІакІуэ, зеужь. Псом хуэмыдэу «Адыгэ псалъэр» кУэдкІэ нэхъ гъэщІэгъуэн хъуащ цІыху щэджащэ, акъылыфІэ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ЪхэфІыцІэ Мухьэмэд редактор нэхъыщхьэу зэрагъэувРэ. Гурэ псэкІэ зыпэрыт Іуэхур зыщІэ, зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ гупщ абы и нэІэм щІэту лажьэ журналистхэри.

Газетым и напэкІуэцІхэм къыщыбощІэ дуней псом, къэралым, республикэм щекІуэкІ щыІэкІэ-псэукІэр, цІыхухэм я зыхэтыкІэ-зэхущытыкІэхэр, къежьэ хабзэхэмрэ законхэмрэ. Дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэрыщІэныкІэ, абыхэм я хъыбарыр зэІэпыхьныкІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэнщ. Къэрал куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я пщІэр яхъумэжу, адыгэм и цІэр фІыкІэ ягъэІуу зэрыпсэур мы газетым и фІыгъэкІэ къэтщІащ.

ГъащІэм къигъэув упщІэ куэдым я жэуап «Адыгэ псалъэм» щыбоГъуэт. Гъэсэныгъэм, щІэныгъэм, узыншагъэм, экономикэм, политикэм, тхыдэм, щэнхабзэм теухуа тхыгъэ купщІафІэхэр сытым дежи итщ абы и напэкІуэцІхэм. ГъащІэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкІа, ехъулІэныгъэхэр зыІэрызыгъэхьа цІыху гъэщІагъэунэхэр дегъэщІыху. ЖылпІэнурамэ, сабийри балигъри дэзыхьэхьын тхыгъэхэр къибгъуэтынущ газетым. Сэ шэч къытесхьэркъым «Адыгэ псалъэр» къэзыщІыхуа дэтхэнэми ар гъащІэ гъусэ пэж зэрыхуэхъуэм.

Адыгэу зызыпІытэж псори къыхуэздж ь лъэпкъым и фІыгъуэхэм ящыщ зыуэ хэплъытэ хъуну «Адыгэ псалъэ» газетым Іэ традзэну.

КЪЭЖЭР ЛатІиф.
Алтуд къуажэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

Ди газетым и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

НОБЭ

♦Хуэмыщ Іауэ псэухэм защІэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и дзэ тІасхъэщІэх къулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1863 гъэм Инджылызым щыщ Уолтон Фредерик лъэгуэхэм тралъхьэ линолеумыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кьратащ.

♦1866 гъэм Урысейм и Телеграф агентствэр къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм ТАСС-р (Совет Союзым и Телеграф агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

♦1972 гъэм Мазэм къикІыжащ абы къэхутэныгъэхэр щезыгъэкІэжкІа «Аполлон-17» америкэ хьэрщ кхъухьыр. Абы иса астронавтхэу Сернан Юджин, Эванс Роналд, Шмит Харрисон сымэ Мазэм дыгъэгъаэзм и 7 - 19-хэм щылэжьащ.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, Маршал, Совет Союзым плІэнейрэ и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, 1964 - 1982 гъэхэм СССР-м и унафэщІу щыта **Брежнев Леонид** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Франджы уэрэджьІакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Пиаф Эдит** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦«Современник» театрым и унафэщІ, СССР-м и Къэрал сагъэтым и лауреат, Совет Союзым и цІыхубэ артисткэ **Волчек Галинэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Горькэм и цІэр зезыхьэ Дунейпсо литературнэ институтым и профессор **Алий Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Футболист Іэззу щыта, СССР-ми РСФСР-ми я чемпион, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Іэпщэ Александр** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Вертинская Анастасие** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэмрэ ІэщІагъэкІ ІэкІыпІэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 -7, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Вым лъэмыІэсыр гуфэм йоуэ.

Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ

Куэцэ Пщымахуэрэ абы и щхьэгъусэ Нафисэтрэ.

ХIХ лIэщIыгъуэм и кIэм - ХХ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Урысей империем ис лъэпкъхэм я тхыдэр гъуэгущIэкIэ эыунэтIа щхьэусыгъуэ зыбжанэ къыкъуэкIат. Абыхэм ящ къэралыгъуэм и щэнхабзэм хэпщIа хьуа кавказ лъэпкъхэм я тыку «бгырыс интеллигент» зыфIаща нэрыбгэщIэ къызэрихьар. Зи гугъу тщIыр ХIХ-ХХ лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм Урысеймрэ Европэмрэ ит еджапIэ нэхъыщхьэхэм дохутыр, егъэджакIуэ, юрист, агроном, инженер ЕщIагъэхэр щызэрагъэгъуэту, Кавказ Ищхъэрэмрэ Дагъыстэнымрэ къекIуэлIэжа щIалэгъуалэ гупращ.

ЕджапIэхэмрэ IэнатIэхэмрэ

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ а цIыхухэм я хъуреягъкIэщ 1917 гъэм и мазаем щIынальэм щекIуэкIа зэщIэхъеныгъэхэр къызэрежьар. А гуп махуэм щыщщ Кавказ Ищхъэрэм пщIэ нэхъ щызиIэу революцэмра граждан зауэмрэ я зэманым къащIыхуа Куэцэ Пщымахуэ TIэмашэ и къуэри.

Ар 1884 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м Налшык округым хыхьэ Тэрч областым щыщ къэбэрдей уэркъ Куэцэ TIэмашэ и унагъуэм дунейм къыщытехьащ.

Екатеринодар (иджы - Краснодар, Бжьэдыгъукъалэ) хейщIапIэм хеящIу зягъэувыну зыхуагъэфащэхм я шыфэлIыфэм щытепсэлъыхь дэфтэрым щыгъуазэ дещI Пщымахуэ «и адэ-анэм Псыхуабэ уиж зэрыщIапIэм, Налшык округым щыщу щыщу дестьнэ 600-м нэблагъэ щIы Iыхьищ зэрабгъэдэлъым». Бабыгуэй (иджы - Сэрмакъ) дэса абы и адэ Куэцэ TIэмашэ Хъусин и къуэр Кавказ Ищхъэрэм щэн-къэщэхуэн Iэхуэхэр щызэфIэзых хьэрычэтыщIэ жану щытащ.

Краснодар крайм и архивым щIэльщ Пщымахуэ 1905 гъэм Новороссийск дэт гимназиер къызэриухам щыхьэт техIуэ тхыпIь. А гъэ дыдэм щIалэм Бабыгуей къуажэм и унафэщIым лъэIуэкIэ зыхуегъазэ еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэн папщIэ хуит къэзыщI тхылъ къритыну икIи и лъэIур 1905 гъэм щыщхьэIум и 4-м хуагъэзащIэ.

1905 гъэм Пщымахуэ Бытырбыхь дэт университетым и КъужкIыпIэ факультетым щIотIысхьэ, ауэ куэдрэ щемыджэу, а университет дыдэм и юридическэ къудамэм зрегъэдзыж. Ар къызыхэкIар Пщымахуэ апэ урыс революцэм хэпщIа студентхэм яхэтауэ зэрыхуагъэфащэрат. Ауэ а гурыщхьуэм щыхьэт техьуэу зы дэфтэрэ дрихьэлIакъым.

Бабыгуей щыщ Куэцэхэ я унагъуэм полицэр кIэлъыплъу зэрыщытам и щыхьэту къэув тхылъымпIэ щыIэщ. Ар къызыхэкIар Пщымахуэ гупсысэкIэ убгъуа зэрыбгъэдэлъаращ ящIфIощI, армыхъумэ къэралым еныкъуэкъым Iэшу зэрирэу щIалъытэн гъэр дальэгъуэу аракъым. ЖьытIэм и щыхьэтщ Налшык округым и унафэщI Къыльшибий СультIанбэч и Iэр щIэльу Тэрч областым и нэхъыщхьэм хурагъэхьа хъыбарегъащIэр: «Куэцэ TIэмашэрэ студенту щыта, иджыпсту Екатеринодар дэт судым уэчылым и къуэдзэу щылажьэ абы и къуэ Куэцэ Пщымахуэрэ хуащI гурыщхьуэхэм тегъэщIапIэ иIэкъым».

1910 гъэм Пщымахуэ Бытырбыхь дэт университетым и юридическэ къудамэр апэрей нагъыщIэр зиIэ дипломкIэ къеурэ, а Iуэхугъэм хуит зыхуищI лъэкIыныгъэхэр къыIэрохьэ. ЩIалэм иджыри дипломыр къратыжатэкъым Екатеринодар дэт хейщIапIэм хеящIэ нэхъыщIэу ягъэувынкIи хуэнухэм щыхабжам. Абы и пэ къихуэу Тэрч областым и нэхъыщхьэм Куэцэ Пщымахуэ теухуа дэфтэрым ар щIыху зэпIэзэрыту, къэралыгъуэм гурыщхъуэ къыщIыхуищIи щхьэусыгъэ бгъэдэмылъу къыщегъэлъагъуэ.

1910 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м Куэцэр щIэпхъаджащIэхэм я Iуэху зэхэзыгъэкI хейщIапIэм и къудамэм ягъакIуэри, 1911 гъэм мазаем и 11-м тхьэрыIуэ ирагъат. А илъэс дыдэм мазаем и 17-м Пщымахуэ унафэкIэ щыхьэ Iуэхуэхэр щызэхагъакI хейщIапIэм и етIуанэ къудамэм ягъакIуэ. КъыкIэлыкIуэу щIалэр накъыгъэм и 13-м Екатеринодар дэт хейщIапIэм щIэпхъаджащIэхэм я Iуэху щызэхагъакI къудамэм ягъэIэпхъуэри, мэкъуэгъуэгъуэм и 30-м езым и лъэIукIэ лэжьапIэм къыIуокI. Да дыщIэгъуазэкъым абы Iэнатl эр къыщIигъэна щхьэусыгъуэм, ауэ зэман дэкIа нэужь, ар щIэрыщIэу хейщIапIэ Iэхуэхэм хохьэж, иджы нэгъуэщI пщэрылъ зэрихьэу.

1911 гъэм фокIадэм и 4-м Новочеркасск дэт хейщIапIэ палатэм и зэхуэс екIуэкIащ. Абы Куэцэ Пщымахуэ 1911 гъэм мэкъуаугъэгъуэм и 27-м щегъэжьауэ зэчылым (а зэманым а Iэнатl эм зэреджэу щытар - «присяжный поверенный», иджы - «адвокат») и къуэдзэу щыхах, Екатеринодар щыпсэун хуейуи къыхуагъэув.

Гу лъытапхъэщ хейщIапIэм щызекIуэ къулыкъухэр гъэ къэс унафэщIэкIэ къащтэжу, уэчылым и къуэдзэм деж щегъэжьауэ IэнатIэкIэ удэIобеиху, дэтхэнэ зыри юстицэмкIэ министрым къабыл ищIын хуейуэ зэры щытами. Аращ Екатеринодар хейщIапIэм 1912 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м щекIуэкIа зэхуэсым къыщащта унафэм зи гугъу ищIыр: «ЮстицэмкIэ министрым и арэзынигъэ къызэрытIэрыхьам ипкъ иткIэ, уэчылым и къуэдзэ Куэцэ Пщымахуэ Екатеринодар хейщIапIэм къекIуалIэ Iуэхуэхэм хэлэжьыхьыну хуитыныгъэ етын». ЩIалэм а къулыкъур 1916 гъэм гъатхэпэм и 31 пщIондэ зэрихьащ.

1916 гъэм и мазаем Новочеркасск дэт хейщIапIэ палатэм хыхьэ Уэчылхэм я зэхуэсым жэрдэм къыхелъхьэ Куэцэ Пщымахуэ щIынальэм и уэчылхэм я гупым хагъэхьэну. Ар я щхьэусыгъуэу Куэцэм и хьэл-щэнымрэ IэнатIэм зэрыбгъэдэт щIыкIэмрэ теуауэу тхыгъэ утыку кърахьэ. А тхыгъэм Куэцэр къыщыгъэлъэгъуащ IэнатIэм къыхуигъэув къалэнхэм папэ къабзэкIэ бгъэдэт, и лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI Iэщагъэлу.

1916 гъэм мэлыжьыхьым и 31-м Новочеркасск щыIэ хейщIапIэ палатэм и лэжьакIуэхэр щыхьэту, Екатеринодар хейщIапIэм кърита щытхъу тхылъым ипкъ иткIэ, Куэцэ Пщымахуэ Бгырыс хейщIапIэм и къадыуэ ягъэувыну унафэ къещтэ, зэрыхабзэуи IэнатIэм зэрыхуэпэжьынумкIэ тхьэ ирагъаIуэ.

Къалэм жанымрэ цIыхубэ Iуэхуэхэмрэ

Куэцэ Пщымахуэ цIыхубэ Iуэхукlэ и зэфIэкIыр Бытыр-быху дэт, императорым и университетым щыщIэсымрэ Екатеринодар хейщIапIэм щыщIалэжьа зэманымрэ наIуэ къэхуащ.

Иджыри хабзэхъумэ факультетым и еджакIуэу щыщыта зэманым, Куэцэм Хъжьылъашэ Мухьэмэд-Бэч зи пашэ адыгэ гупым Париж къыщыдгъэкIыу щыта «Муслъымэн» газетым тхыгъэхэр къытрыригъадзэу щытащ. Абы и тхыгъэхэм къыхощ ар «псори зыщIэвэфыну, цIыхубэр зэхуэзыгъэувэфыну ныпыр Iэта зэрыхъуам» дамыгъэ хуэхъуа газетым гурэ псэкIэ зэрыщIагубгъыкIыр. «ГуфIэгъуэшхуэкъэтIэ ар гъащIэр нэху къыщызыщI, фIым тезыгъэгушхуэ дакъикъэхэр зэмщIэкI, акъылэгъу зыгъэутыгъуей, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ гъунэгъуэхм я зэхуаку зи закъуэу зыщыщыльытэж муслъымэн еджам дежкIэ?!» - етх Пщымахуэ газетым. «Абы фIыуэ кърикIуэнум заншIэу гу лъымытэнкIи хъунущ, - пещэ щIалэм и гупсысэм, - ауэ къэщIэрэщIэжьыныгъэм, къызэщIэуушэныгъэм и апэ нэщэнэхэр слъагъуныр апхуэдизкIэ си гуапэщи, щIэныгъэм лъэмыIэсыф ди къуэшхэм апхуэдэ IуэхуэхуэкIэ яхуэупса ди лъахэгъуэхм я Iуэху фIы ирикIуэну сохъуэхъу». Къызэрыкlуэ Iуэхууи пхужьIэнукъым Пщымахуэ и тхыгъэм «щIэныгъэ зыбгъэдэлъ гъунэгъуэхм къакIэрыпу» лъэпкъым папщIэ зэрыгузавэр къызэрыхигъащи.

Куэцэ Пщымахуэ Бытырбыху щыщеджа илъэсхэм ирихьэлIэу, а зэманым щыдэкIыу щыта хъыбарегъащIэ Iэмалхэм «Къэбэрдей П.» зи псевдоним тхакIуэ гуэрым и IэдакъэщIэкIэр утыку кьихьэрейуэ щытащ. Ди тхыдэм теуха а тхыгъэхэм уаэплъэмэ, ахэр зи IэдакъэщIэкIыр Къэбэрдей тхыдэм фIыуэ зэрыщыгъуаззэр уолъагъу.

Къэбэрдейм ис шыхъуэхэм къабгъэдэкI фIэхъус-сэламкIэ иришэжьат. ЖиIа псоми и купщIэт Урысейм и шыхъуэхэм я съездым къэбэрдей шы лъэпкъым хуэфащэн гулъытэ хуищIыну гугъэ зэриIэр. Съездым и зэхуэсхэм я зым Пщымахуэ къэбэрдей шы зэхуэкIэм убгъуауэ щытепсэлъыхьащ, абы къыхилъхьа Iуэхугъуэ зыбжани съездым къыщта унафэхэм хагъэхьащ.

Куэцэр жану зыхэтар цIыхубэ Iуэхуэхэм я закъуэкъым, атIэ къыщалъхуа къуажэм и гъащIэрефIэкIуэнми хэлэжьыхьащ. А лъэныкъуэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ 1914 гъэм екIуэкIа къуажэ зэхуэсым. Дэфтэр гуэрым дыкъыщоджэ: «Налшык округым и апэ Iыхьэм хыхьэ Бабыгуейм и апэ зэхуэсым къуажэ старшынэ Пщымахуэ Хъызыр дзыхь зыхуищI уэчылым и къудзэ Куэцэ Пщымахуэ съездым екIуэлIыным и лIыкIуэу хихащ».

Гу лъытапхъэщ Куэцэ Пщымахуэ шы куэд зезыхуэ шыхъуэ ехьжьауэ щытауэ къызэралъытар зэрымыпэжыр. Пщымахуэ къэрал кулыкъущIэт, кавказ интеллигенцэм и вагъуэ лыдт, щIналъэм нэхъ юрист Iэззу исхэм ятт, ауэ шыхъуэу щытар абы и адэ TIэмашэщ. Куэцэ TIэмашэ «хуэмыбжыж мыльку» и гугъу пщIымэ, ари фIыуэ щIэгъэтхъа Iуэхущ. Iуэхур зыIута дыдэр жыпIэмэ, пасэ зэманымрэ етIощIанэ лIэщIыгъуэмрэ шыхъуэ цIэрыIуэу лъэпкъым хэта Тамбийкэ, Трамхэ, къинэмыщIхэрэ текIуэтрэ, абыхэм я пIэ Шалбарыр, Лафыщыр, Куэцэр къыззриувар арат.

1903 гъэм Куэцэ TIэмашэ щыщхьэ 342-рэ иIэт, Инал къуажэм щыщ прапорщик Шалбар ХьэкIашэ - 376-рэ.

Куэцэ Пщымахуэ и гъащIэмрэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэмрэ

Дэ дызыщыгъуазэ тхыгъэхэм ящыщу «Къэбэрдейм щы Iуэхукlэ къыщыхъеа зэрызехьэр» зи фIэщыгъэр «Братская помощь» журналым къытехуат. Тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIыр арэзыкъым щы гуэшыкIэр захуагъэм зэрытемытымкIэ: нэрыбгищ-плIы фIэкIа зэрымыс унагъуэ цIыкIуэм дестьнэ 14-16 ябгъэдэлъщ, нэрыбгэ пщыкIутхум нэс зэрыс унагъуэхэмри лъагъэсыр ардыдэращ.

Къэбэрдей П. щапхъэ къыщихьым деж зи гугъу ищI хабзэр Бабыгуей къуажэращ, абы шэч кIыгъанэркъым тхылъ эи IэдакъэщIэкIым теухуауэ.

«Къэбэрдей лъэпкъ щIэныгъэм и Iуэхур зыIутыр» тхылъым ар щытепсэлъыхь адрей лъэпкъхэм апэ ищу еджапIэхэр къызэIуихын, мылькушхуэ щIэныгъэм тригъэкIуэдэн щIэзыдза Къэбэрдейм кьуажэ еджапIэхэр щыщIыз зхуащIыжьым, езы щIэныгъэми и пщIэр щIехуэха щхьэусыгъуэхэм. ТхакIуэм зэрилъытэмкIэ, щхьэусыгъуэхэр куэд мэхъу, ауэ нэхъыщхьэр «пэщIэдзэ еджапIэр щIынальэр зыхуэныкъуэ, абы къыщIэзгъэ щIэныгъэм зыкIи зэрыбгъэдэмыхьэращ». Абы къызэрилъытэмкIэ, дерсхэр Iэмал имыIэу анэдэлъхьэжкIэ ирагъакIуэкIын хуейщ, иужькIэ хуэм-хуэмурэ урысибзэри къыхагъэхьэу.

1910 гъэм «УрысеищIэ» газетым и 109-нэ къыдэкIыгъуэм Къэбэрдей П. къытрырегъадзэ «Тэрч, Псыжь областхэм ис муслъымэнхэм я гукъеуэхэр» тхыгъэр. Ар зи IэдакъэщIэкIыр топсэлъыхь 1908 гъэм и бжьыхьэм Екатеринодар щекIуэкIа муслъымэн зэхуэсым къыщащта унафэхэм. Абы къызэрилъытэмкIэ, щхьэпагъ хэлъкъым Тэрч, Псыжь областхэм щыпсэу муслъымэнхэр Оренбург дэт муслъымэн Iуэхущ Iапl эм и жьауэ щIэбгъэувэным. Апхуэдэ унафэ къащтэпауэ щытми, ирагащIэм къэхуакъым бгырысхэр Уфа къалэм нэс кIуэуэ я муслъымэн Iуэху щызэхагъэкIыу.

Къэбэрдей П. зэрыжиIэмкIэ, ар Тэрч, Псыжь областхэм ис муслъымэн мелуан накъуэм нэсым яфI къызэрыкIын Iуэхукъым, Псыжь областым и муслъымэнхэм Кавказ Ищхъэрэм и дин Iуэхущ Iапl эщхьэхуэ яIэнкIэ нэхъ игъуэщ.

Къинэмыщ Iауэ, абы фIэкъабылщ къэралым и ахъшэкIэ Тэрчкъалэ (Владикавказ) муслъымэн еджапIэ къыщызэIуахынкI: «щIэныгъэ зиIэ молэжэр ягъэхьэзырын папщIэ, динми цIыхубэ хабзэми мыхьэнэ щызиIэ щIэныгъэ къудамэхэм хьэрыпыбзэрэ анэдэлъхьэжкIэ щдгагъаджэу, урысибзэри арагъащIэу». Зи бжыгъэр куэд мыхъу интеллигенцэр абы къыхуереджэ щIэныгъэ зиIэ гъунэгъуэм къакIэрымыхун папщIэ динми дунейми щыщIхьэпэ щIэныгъэм зегъэубгъуным хуэр халъхьэну.

«Муслъымэн» газетым къытрыригъадзам хуэдэ дыдэу, мы тхыгъэми къэбэрдей адыгэхэр «щIэныгъэ зиIэ гъунэгъуэм къаззрыкIэрыхур» игу къэзыреуэр къыхоуд.

Езыр зыщIыщ Бабыгуей щекIуэкI щIы Iуэхуэхэм фIыуэ зэрыщIагъуаззэми тхыгъэм къыщIыхьа гупсысэхэр зэрыззтехуэми зы щэни къытрыригъэхьэркъым «Къэбэрдей П.» унэщIар Куэцэ Пщымахуэ и псевдониму (цIэ-унэцIэ нэпцIу) зэрыщытам.

Къэбэрдей П. и къалэмыпэм къыщIэкIащ нэгъуэщI лэжьыгъэхэри: «Адыгэхэмрэ армэ дэкIыныбмрэ», «Бгырыс бзыльхугъэхэм сакъыщхьэщыжу», «Муслъымэн Iуэхур хамэ къэралым укъиплъу зэрыплъагъур», «Налшык округым». А псоми Къэбэрдей щIэзекIуэ гъащIэр лъэныкъуэ зэхуэмыдзэкмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ.

Куэцэхэрэ шы Iуэхумрэ

Куэцэ Пщымахуэ зыхэта жылагъуэ Iуэхуэр и гъащIэ тхыдэм Iупщу къыхоущ. КъулыкъукIэ ар Екатеринодар къалэм епхауэ къекIуэкIами, Къэбэрдейм пэIэщIэ дыдэу зэи щытакъым. Пщымахуэ лIыкIуэу хэтащ 1910 гъэм и щыщхьэIум екIуэкIа Урысей щыхъуэхэм я съездми.

КъызэгъэпэщакIуэхэм пщIэ яхуищIу, Куэцэм и псалъэр 1917 гъэм гъатхэпэм и 6-м Бабыгуей къуажэм и старшынэ Куэцэ Хъызыр Налшык округым и унафэщIым шы гъэхъун Iуэхур и щхьэхэм зэрыщекIуэкIым теухуауэ хъыбар щриГъащIэм, Куэцэ TIэмашэ-хьэжьым шыбзу - 67-рэ хакIуэу 11-рэ зэриIэм и гугъу ещI.

Экономикэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм къэгъазэ имыIэжу къэбэрдейхэм я шыхъуэ Iуэхуэхэр къыщыззпидум, шыхэм я бжыгъэм хэщIат. А зэман дыдэм ирихьэлIэу я хуасэр дэуеят. Дафтэрхэм къызэрыхещыжьмкIэ, аращ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуар шы гъэхъуным къыдэкIуэу, «дзэм шы щыхуэзрагъэпэщкIэ, мылькушхуэ зезыгъакIуэ Куэцэм, Мыдым щэн-къэщэхуэн Iуэхукlэ зыпащIуу щыщытар». Гу лъытапхъэщ шы куэд зезыхуэу щыта Куэцэ TIэмашэ экономикэм здиунэтIа гъэзугущIэм Iэмал къызэрыхуигъуэтыфам.

Езы Куэцэ Пщымахуэ адыгэш гъэхъуным зэрыхэлIыфIыхьам и гугъу пщIымэ, ар нэхъыбэу шы лъэпкъым и пщIэр гъэIун, ар зехуэн Iуэхур хабзэкIэ пхыгъэкIыныр аращ.

Пщымахуэ 1905 - 1910 гъэхэм Бытырбыху зэрыщеджам, 1910 - 1917 гъэхэм хейщIапIэм кулыкъу зэрыщызэрихьэм къыхэкIкIэ Екатеринодар щыпсэууэ икIи щылажьэу зэрыщытам ущыгъуазэмэ, узыхуэкIуэр а гупсысэхэращ.

ЦIыхубэ ущиякIуэ

Куэцэ Пщымахуэ цIыхубэ Iуэхур дэгъэкIыныжмкIэ къиГъэлъэгъуа хэлъэтыр Кавказ Ищхъэрэм революцэмрэ граждан зауэмрэ я зэманым наIуэ къэхуащ.

1917 гъэм и гъатхэпэм и етIуанэ Iыхьэм Пщымахуэ Къэбэрдейм къэкIуэжат. Апхуэдэу щIыхуэдгъэфащэм щхьэусыгъуэ иIэщ. 1917 гъэм гъатхэпэм и 5 - 6 махуэхэм Владикавказ щекIуэкIа, бгырыс интеллигенцэм и зэхуэсым ар хэтахьым, Кавказ Ищхъэрэмрэ Дагъыстэнымрэ я Бгырыс зэгухьэныгъэм пIалъэкIэ игъэува Комитет нэхъыщхьэм хахахэми ящыщкъым.

Ауэ ар хахащ гъатхэпэм и 27-м къэунэхуа Налшык округым и Жылагъуэ гъэзэщIакIуэ комитетым. КъинэмыщIауэ, Къэбэрдеишхуэм, Джылахьстэнейм, бгырыс лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм лIыкIуэу къагъэлъэгъуа нэрыбгэ 32-м яуэ Куэцэр хэтащ накъыгъэм и 1-9-хэм екIуэкIа, Кавказ Ищхъэрэмрэ Дагъыстэнымрэ я Бгырыс съездым. Пщымахуэ абы и лэжьыгъэм жан дыдэу хэлэжьыхьащ, щIэрыщIэу хахьжа Комитет нэхъыщхьэмэ хагъэхьащ.

1917 гъэм накъыгъэм и 18 - 20-хэм Владикавказ Тэрч областым и лIыкIуэхэм я зэхуэс щекIуэкIащ. Зэхуэсым кьыщащтат «Тэрч областым зэманкIэ и щхьэ Iуэху зэрыззрихуэжьнум» теуха унафэ. Тэрч областым и унафэщI кьалэнри хуитыныгъэри зэрыщыту ГъэззщIакIуэ комитетымрэ областым и комиссарымрэ я Iэмыщ Iэ иралъхьат, областым и комиссарым ищI унафэхэр гъэззщIакIуэ комитетым ечэнджэщурэ кьыщтэн хуейуэ. А съездым узчылым и къуэдзэ Куэцэ Пщымахуэ Тэрч областым и ГъэззщIакIуэ комитетым и унафэщIу щыхахауэ щытащ.

А зэман дыдэм ирихьэлIэжу мэкъуэмэщIащхэм, сэлэтхэм, рабочэхэм я лIыкIуэхэм я Советхэр къызэфIэувэрт. Псоми хуэмыдэу а Iуэхур щIэхуэбжащ Корниловыр зи пашэ зэщIэхъееныгъэм и ужькIэ.

Корниловымрэ Бгырыс республикэмрэ

Корниловыр къежьауэ зэрызэхахыу, 1917 гъэм щыщхьэIуIм и 28-м Тэрч областым и рабочэхэмрэ совет депутатхэмрэ икIэщIыпIэкIэ съезд зэхуашэсат, революцэр кьегъэлыныжмкIэ комитетым и пашэ Скрынников С. и унафэщIу. Адрейхэм я гъусэу а комитетым Куэцэ Пщымахуи хыхьат.

А махуэ дыдэм Куэцэр зи унафэщI, областым и Гъэззщ Iакl уэ комитетым щекIуэкIа зэхуэсым унафэ къыщащтащ: «Уэчылныгъэм щIэбэн адрей зэгухьэныгъэхэм я гъусэу, революцэр къраГъэлын папщIэ зыхуэпIащIэ Iуэхуэхэр Комитетым и Президиумым и пщэ дэлъхьэн». Абы кьегъэлъагъуэ Корниловым и Iуэхуэхэр къыщыхъеят зэман гугъум Куэцэр Тэрч областым мамырыгъэм щыщIэбэнахэм зэрахэтар.

Дэтхэнэ зы зэгухьэныгъэми цIыхуэхэр кьиГъэдэIуэну хэту, кIуэ пэтми политикэри, экономикэри, цIыхубэ гъащIэри щызэхэзэрыысьым, Комитетым и унафэщIхэм я Iуэхур «зыбгъэхьеинкIэ Iэмал иIэтэкъым» жьхуаIэм хуэкIуащ. 1917 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м Тэн, Псыжь, Тэрч, Iэщтырхьан щыщ къэзакъэр, Кавказымрэ Дагъыстэнымрэ щыщ бгырысхэр, нэгъуейхэр, къалмыкъэр, Iэщтырхьанрэ Ставрополрэ я Iэхэлъахэм щыпсэу бруклинхэр, адрей лъэпкъхэри яхэтыжу зэхьыхьэхэри, «Къэзакъэм я ипщэкъуэкIыпIэ зэгухьэныгъэ» жьхуаIэр къэунэхуащ.

А Зэгухьэныгъэм и мурад нэхъыщхьэр Кавказ лъэпкъхэр зэрыхуа политикэ щытыкIэ гугъум кърашыныр. Абы Кавказ Ищхъэрэм (Дагъыстэныр хэмыту) щыпсэу бгырысхэм я лIыкIуэу Джабагиев Вассан-Джэрийрэ Куэцэ Пщымахуэрэ хэтащ.

Совет властыр Кавказым щытекIуа нэужь

1917 гъэм и жэпуэгъуэм революцэр Петроград щытекIуэу къэралым зыщиубгъун щIидза нэужь, Кавказ Ищхъэрэр зэрыт щытIыкIэр нэхъ гуащIэ хъуат. Абы и щхьэусыгъэкIэ Бгырыс зэгухьэхэм я союзым Iуэхум зэрызихъуэжам ипкъ иткIэ унафэщIэ къамыщтэу хъунутэкъым. Областым и Гъэззщ Iакl уэ комитетым и унафэщI къалэным мыхьэнэ иIэжтэкъым. Ипщэ-КъуэжкIыпIэ зэгухьэныгъэми къэрал унафэ хуэхьэн хуэдэу зыкъыгъэльэгъуэфатэкъым. ИпэжкIыпIэкIэ Кавказ Ищхъэрэр унафэншэу къэнат. Абы къыхэкIыу Бгырыс зэгухьэныгъэм и Комитет нэхъыщхьэм езым щыщхэм къахихри, 1917 гъэм и щэкIуэгъуэм Бгырыс тетыгъуэ къызэригъэпэщащ.

Тетыгъуэм и нэхъыщхьэу Бгырыс зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта Чермоев Абдулмэжид трагъэуваш; къэрал кIуэу Iуэхуэхмкlэ министру Куэцэ Пщымахуэ хахащ, Бамматов Гайдар - хамэ къэрал Iуэхуэхмкlэ министру, Джабагиев Вассан-Гирей - мылъку Iуэхуэхмкlэ министру яГъэващ.

А зэман дыдэм ирихьэлIэу Тэрч-Дагъыстэн тетыгъуэ зэгухьа къызэрагъэпэщри, цIыхубэм я мамырыгъэ Iуэхуэхэр Куэцэ Пщымахуэ и пщэ далъхьэ. Тэрч областымрэ округымрэ щыщ комиссархэм, комитетхэм, кьалэ унафэщIхэм, гущI гъэзугу лэжьакIуэхэм, милицэм мамырыгъэр хъумэн Iуэхукlэ Пщымахуэ зэрызахуигъэза дэфтэрхэм къагъэльагъуэ абы хабзэмрэ мамырыгъэмрэ цIыхубэ гъащIэм хэпщIынымкIэ зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъар. Куэцэм Iуныдджэшхуэ зэриIам и щыхьэтщ Налшык округым и адыгэхэми, балъкъэрхэми, урысхэми ар Учредительнэ собранэм лIыкIуэу зэрыхахар.

1918 гъэм Тэрч областым Совет властыр щытекIуа нэужь, Бгырыс зэгухьэныгъэ я союзым и нэхъыщхьэхэр Iуэхум нэхъ ерыщу тегушхуахэщ. Чермоев Абдулмэжид зи пашэ лIыкIуэхэр 1918 гъэм накъыгъэм и 11-м Батуми кIуа нэужь, абы щекIуэкIа конференцым и утыкум Бгырыс (Кавказ Ищхъэрэ) республикэр щхьэхуиту яГъэIуащ. А конференц дыдэм Бгырыс республикэм Уэсмэн къэралыгъуэм и тетыгъуэмрэ Нэмыцэ (Германи) къэралыгъуэм и тетыгъуэмрэ зэгурыIуэныгъэкIэ ябгъэдэуващ. Уэсмэн правительствэм Бгырыс республикэр зэрыщыхьэхуитыр кьабыл ищIащ, Германи республикэр абыкIэ арэзы хуэакъым.

Бгырыс республикэ щхьэхуит

Бгырыс республикэр щхьэхуиту яГъэIуа нэужь, Правительствэм и унафэщIу яГъэува Чермоев Абдулмэжид Константинополь кьыкIыжри Тифлис кьыщыувыIат. ГъэзэщIакIуэ комитетым щыщхьэу абы и деж кIуэхэт къэбэрдей адыгэ Куэцэ Пщымахуэрэ ингуш Джабагиев Вассан-Джэрийрэ. Ахэр абдеж дыдэм Бгырыс республикэм и министрхэу яГъэувахащ. Чермоевым и Правительствэм и министру щыIэжьэху, Куэцэр жану къэрал щIыб политикэ Iуэхуэхэм яужь итащ. Псалъэм папщIэ, Германиер республикэщIэм Iэщэкlэ къыдэIэпыкъун папщIэ Пщымахуэ фон Крейс гурыIуэну хэтащ.

1918 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ къыщыщыхуахэм тепсэлъыхьыжу Куэцэ Пщымахуэ етхыж: «Хабзэншагъэмрэ унафэншагъэмрэ ди щIыпIэхэм ящыса нэужь, къэзгурыIуат дэ ди къаруклэ Iуэхур зэрытхуэзмыгъэзэхуэжы нур. А зэманыр зэрыщыту тедгъэкIуэдащ дэIэпыкъуэгъу тхуэхъун къару къэдгъуэтыным. Къэдгъуэта дэIэпыкъуэгъуэхэм щхьэх езым и Iуэху зэрахуэжьырт, ауэ зэрахуэфIэкIи къыдэIэпыкъуэрт. Хуамурэ зы гупыр теIуэтри, нэгъуэщI гуп къыпеуващ. Пым щIигъэна Къэбэрдейм сихьэну Iэмал сыщылъыхуэу дыдэм ирихьэлIэу, инджьилъэ унафэщIхэм унафэ къызэдэтщтэн папщIэ Баку страджащ».

Лъэныкъуэхэм 1918 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м зэпсэлъэн щIадзащ. А зэIуцIэм Инджьилъэ тепщэгъуэм кьабыл щищIащ Бгырыс республикэр зэрыщыхьэхуитыр, ауэ пыуыкIа унафэр кьащтэну Париж щекIуэкIыну мамырыгъэ конференцым яГъэIэпхъуэри, Куэцэ Пщымахуэ Правительствэщ Iэ зэгухьа иухуэн хуейуэ кьыхуагъэуващ. Пщымахуэ ар захуагъэу кьыззрильытэр жиIащ, ауэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я унафэ хэмылъу апхуэдэ пщэрылъ кьищтэну арэзы хуэакъым. Дыгъэгъазэм и 18 - 22-хэм Темырхан-Шурэ щекIуэкIащ Дагъыстэным, ШIэшэным, Осетием къикIа лIыкIуэхэмра къэбэрдей адыгэ зыбжанэрэ зэкIуэлIа Зэхуэс. А Зэхуэсым Чермоевыр зэрытекIыр къабыл ищIри, унафэр Куэцэ Пщымахуэ Iэщлильхащ. Абы ипкъ иткIэ Куэцэм и Правительствэм дэлэжьэну инджылыз къэралыгъуэм и унафэкIэ полковник Роуландсон зи унафэщI зауэлI гуп къаутIыпщащ.

(КIэухыр. 3-нэ нап.).

Трабзон къалэм (*Тырку Республикэ*) **щекIуэкIа конференцым хэтахэм я сурэт. Ику итыр Куэцэ Пщымахуэщ**. *1918 гъэ*

Куэцэ зэкъуэшхэр: Аслъэмырзэ *(нэхъыжьыр, щысщ)*, **Пщымахуэ** *(сэмэгумкIэ щытщ)*, **Исмахьил**. *1915 гъэ*

щIынальэхэм я Унафэщ1, адыгэл1 щ1ыпкъэ

Куэцэ Пщымахуэ и гъащ1эмрэ иригъэк1уэк1э лэжьыгъэмрэ

(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 2-нэ нап.)

1919 гъэм щ1ышылэм и 20-м Темырхан-Шуэ Бгырыс республикэм и Парламентыр къыщыдэ1уахаш. Абы къыщыпсэльащ Тепщэгъуэм и нэхъыщхьэ (Правительствэм и Унафэщ1) Куэцэ Пщымахуэ. Зэхуэсым хэтхэр абы кьыхуридджащ республикэм щ1алэм хуэщхьэпэн лэжьыгъэм щ1эзэкъуэзэну. Бгырыс республикэм иубыд щ1ынальэм Деникин и дзэхэр къыщ1ихьыгъа а зэманым нэхърэ нэхъ гугъу хэгъэгум кьыхуихутэкъым.

Большевикхэр зэрапащ1эты мк1э Бгырыс республикэмрэ Деникинымрэ я пльапIэхэр зэтехуэрт. Ауэ «Добрармия» зи фIэщыгъэ Деникиным и дзэм Тэрч областым большевикхэр иригъэхьэбзыкI1э зэфIэмыкI1ыу щ1ынальэм унафэщ1ыу къыщ1ьэщ1ыувэжыну хуежьат. Абы и мурадт Тэрч областымрэ Дагъыстэнымрэ езым и генерал-губернаторхэр тригъэувэжу «Тэрч-Дагъыстэн край» ихуэну. Бгырыс республикэм ар езым и хэгъэгу I1эхуэ-хэм пхъашэу кьебгъэрыкI1уэ I1эбэкI1ыу к1ыпльатащ.

Абы ипкъ иткI1э Парламентым унафэ къыщ1тащ Тепщэгъуэм и Нэхъыщхьэ Куэцэ Пщымахуэ «Бгырыс республикэм мыхьэнэ зрит I1эхуэхэр зэхигъэк1ыну Деникиным епсэлъэн папщ1э» Екатеринодар игъэк1уэну.

Деникинымрэ Куэцэмрэ зэхуэзыхуэ зэрт тхыл1э Кавказ Ищхьэрэм ич1ы дэфтэрхэм щыдгъэтхэкым. Ауэ Бгырыс республикэм и унафэщ1 гупым хэтэ Джабагиев Вассан-Джэрий «Кавказ Ищхьэрэм революцэмрэ граждан зауэмрэ зэрыщ1эк1уэкI1э» тхыгъэм щ1етхьэ: «Тепщэгъуэм ищ1э псомк1и а зэманым жэуап зыхьыр Куэцэ Пщымахуэти, Добровольческэ армэм и унафэщ1ым гурыI1эн мурадк1э, аргуэру и деж к1уащ».

1919 гъэм мазаем и 26-м Куэцэр Парламентым къыщыпсэльащ Баку щ1ыIэ Добрармэм и Iык1ыуэхэм зэрал1ущ1ам теухуауэ. Баку Куэцэр щ1ыхуэзащ инджылыз армэм и дзэзешэ нэхъыщхьэ генерал Томсон. Абы Куэцэр къыгъэгуфат «Мамырыгъэ конференцыр къэсыху ди республикэм зык1ыщ1игъэхъуну, Деникинми унафэ хуащ1ат Бгырыс республикэм и щ1ынальэм къимыхьэну».

Итlани Добрармэр ипщэк1э къэк1уатэурэ щ1ынальэм нэхъ гъунэгъу зыхуэхъуху, щ1ыхьэр Тепщэгъуэм нэхъ къыщомыгаразэ хъурт. Езы Тепщэгъуэм и к1уэщк1э Куэцэм и тельхьэхэмрэ Каплановым и тельхьэхэмрэ щ1ызэнык1ыуэкъурт. Л1эныкъуитlми езым я пашэр Тепщэгъуэм и нэхъыщхьэ тригъэувэну хэтт. Iуэхур нэхъ гугъуэ ищ1ырт ц1ыхубэр акъылэгъу зыхуэхъун программэ уэзышIэ утыкум зэримыл1ъыр.

А псом ищ1ыIыжк1э, социалистхэмрэ большевикхэмрэ, Бгырыс тепщэгъуэм и пщ1эр иригъэзыхуэхьи папщ1э, ц1ыхухэр яг1эущхьэ-рыуэрт. Зэранигъэшхуэ к1ихьырт тепщэгъуэр щэрихьэтэм енык1ыуэкъу хуэдэу дин I1эхуэзехьэхэм зэрагъэ1уми.

1919 гъэм мэлыхьыхьым и 10-м Куэцэ Пщымахуэ Деникин генералым хуэзэну Гроэнэ къалэм иратъэблагъэ. Куэцэм к1уэн щимыдэм, абы и пэк1э Парламентым Каплановымрэ щэрихьэт I1эхуэхэмк1э унафэщ1 Гоцинскэмрэ еутIыпщ. Деникиным Бгырыс республикэм и Iык1ыуэхэм ещхьриIащ Хавэс Ищхьэрэм и щ1ынальэхэр езым и жьауэ къызэрыщ1эувам ипкъ иткI1э я щхьэхуитыныгъэ я тепщэгъуэм къабыл зэримыщ1ыр.

Езы Деникиным ар къызэриIуэтэжыр нэгъуэщI1ыу: «ДызэгурыI1уэн папщ1э Бгырыс республикэм Гроэнэм I1ык1ыуэ щ1ынтыпщат, урысхэр зыIыгъ1ау мыхьу Каплановыр я пашэу. Ауэ I1ык1ыуэхэм Щэшэным щек1уэкIыр зэхаха нэужь, Шали къуажэм къыщыдыкI1э-хэри, Гроэнэм къэк1уэну тегушхуахэсым».

1919 гъэм накъыгъэм и 12-м Куэцэм и Тепщэгъуэм хэтхэр зэгурыI1эри тек1ащ. Ар къыщ1эхъуэм зыхъусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуар Куэцэм 1919 гъэм накъыгъэм и 18-м ек1уэкIа Бгырыс конференцым хэтэ К1ьантемыр Алихьан хуригъэхьа письмом къыщ1ед1ат. Ар зыщ1ыпIи къытехуакъым ик1и Бгырыс республикэм теухуауэ дыщ1ыдыр гуэрхэм щ1агъуэзэ дещ1.

Абы етх: «Си унафэ щ1эт Тепщэгъуэм хэтхэр дызэгурыI1уэри накъыгъэм и 12-м дытек1ащ. Къаугъэшы гупщ. Кьинэмыщ1ауэ, зы пIэм симыкIыу сиуджыхьынри къысIэщуужэгъуат. Сэ мурадыр къызэригурыI1уэр мыхуэдэут: Бгырыс республикэм и фейдэ зыхэлъ I1эхуэ жьауэ зыдохуэ е дыIуоК1. Зыр мэшынэ, адрейр пщ1э щ1онэщI, ещанэр и фейдэ мэлъыхьуэ, псалъэ зэрахьэ, ик1агъэ дыдэу I1эхуэ мыхьэнэшэхэр щызокIуэ... Аращ и щхьэусыгъэуэр яп1э ит мурадыр дгъэзэщ1эну Iэмал щ1эдмыгъэтам».

Кавказ Ищхьэрэмрэ Кавказ Щ1ыIыбымрэ Совет власт щыыIыбэ нэужь, бгырыс щхьэхуитыныгъэм щ1эбэна куэдым ещхьу, Куэцэ Пщымахуэ Тыркум I1эпхъэщ. Зэманк1э ар Самсун дэсащ, иужьк1э Истамбыл I1эпхъэ1ри, дунейм ехьыжьхуэ абы щ1ыпсэращ.

Зауэ нэужьым адыгэ хэкэсхэм Нью-Йорк къалэм «Коммунистхэм я1эщ1эт муслымэм зэгуэхэныгъэрэ» «Бгырыс зэгуэхэныгъэрэ» къыщ1эзэрагъэпэщ1ауэ щ1ытащ. Истамбыл «Бгырыс зэгуэхэныгъэ» щ1ылажьэрт, Кавказ Ищхьэрэм ик1а гупым я гъусэу абы жану щ1ылэжьащ Куэцэ Пщымахуэ.

«Кавказ Ищхьэрэ: хуитыныгъэм папщ1э ек1уэкIа зауэм теухуа напэк1ыцI1эр» и фIэщыгъэу 1961 гъэм Истамбыл Куэцэм и тхылъ къыщыдэк1ауэ щ1ытащ. Бгырыс республикэм и Тепщэгъуэм и унафэщ1ым и пэк1э епIыжурэ, абы тхак1уэр щ1эпсэльэжьы илъэс 40-к1э и пэк1э ек1уэкIа бэнэныгъэм.

Куэцэр 1962 гъэм щ1ышылэм и 8-м и ныбжьыр 78-рэ хъууэ дунейм ехьжащ. Ар щ1ал1ъхьащ къащ1ыгъуэ I1эжьак1уэ щ1эрыIуэхэм хуащ1 пщI1эр хуащ1у. «Кавказ Ищхьэрэ республикэм и Унафэщ1у щ1ыта», - тетхащ абы и къэщхьэм.

СОБЛЫР Мухьэрбий,
тхыдэ щ1эныгъэхэм я доктор.
КЪАРМЭ Iэмырбий,
тхыдэ щ1эныгъэхэм я кандидат.

Пщымахуэ и къалэмыпэм тхыгъэ куэд къыщ1эк1ащ. Псалъэм папщ1э, 1953 гъэм, Бгырыс (Кавказ Ищхьэрэ) республикэр илъэс 35-рэ щрикъу илъэсым, абы тубыку къырихьауэ щ1ытащ «Хуитыныгъэм пщ1э щ1ат» тхыгъэр. Абы тхак1уэр щытопсэлъыхь Кавказым и хуитыныгъэмрэ и дуней тетык1эмрэ ихъумэжын папщ1э иригъэк1уэк1а бэнэныгъэм.

Хуитыныгъэм пщ1э щ1ат

НАКЪЫГЪЭР гъащ1э къыздэзыхь мазэщ. Тхьэм къыгъэщ1а псоми гъатхэм псэ къ1ахьэжь. Дахагъэри, удз гъэгъахэри, щхьэнт1агъэри, мэ гуак1уэхэри щ1ыпIъэм къыхьобыгурык1. Апхуэдэу екъулIэри, зэман к1ыхьк1э гъэрыпIэм щ1эта кавказ Iэпкъэхэм а мазэ дыдэм хуитыныгъэ яг1ауэтыжащ. Дахагъэ нэсымрэ Iущ1ыгъэмрэ я щапхъэщ Кавказыр. Ауэ абыхэми къраг1ольфакъым а щ1ынальэр теплъэгъуэ гущI1ыхьэхэм хэпльэным.

Зи гугъу тщ1ы Iэхуэгъуэхэр къежьэн инэ илъэс 40-к1э кавказыдж щ1эрыIуэ Услар жи1эрат: «Кавказымрэ абы щызекIуэ бзэхэмрэ я1ауэ-хуауэ дунейм хьурейм апхуэдизкI1э куэд щатхащи, а тхыгъэ псори зэхуэпхьэсыжамэ, Iуащхьэ абрагъуэ къыхэкIынт. Дяпэкк1э Кавказым теухуа тхыгъэхэр нэхъри нэхъыбэж хъунущ». Ар зах1уэт. Мис, сэри си фIэщу сыдихьэхыну, тхылъеджэхэм я гъусэу Кавказым и тхыдэм зэ сриплъэжьну сиГу къ1ихьащ.

Урысейм XIX л1эщ1ыгъуэ къандэрэ Кавказыр и щхьэ хуиГэфащ1эжьн щ1идзат. Псори кьыщежьар Пётр Езанэм Къуэкlыпlэм и «гъущ1 куэбжэхэр» зэIуихри гукъыдэж щигъуэтам щыгъуэщ. А зэманым дагъыстэн л1ы хахуэхэм къызэрагъэпэща къару зэрыIыгъым тепщэ залымыр Iэщ1эк1ащэ щытащ.

Ауэ Пётр Езанэм и щхьэр ихьумэу щ1эпхъуэжьфам къыщыдыжну, Дербент и «Iунк1ыбзэIуххэр» зыдрихьэжьэну хунэсат. Екlуэк1ар зи нэгу щ1эк1ахэм я щ1ыж абы уэсат хуэдэу къызэринэк1а унафэр: Кавказым тепщэ зыхуащ1у Урысейм гуагъэхьэн. Пётр и Iуэхум Екатеринэ Етlуанэм пищащ. Пащтыкьым и уэсат-тыр игъэпэжу, абы Кавказыр иутIыпщын идакъым.

Император бзыльхугъэм а зэманым зыри къьэхуплатэкъым. Итlани Урысейм мурад пIыхыкIа игъэпсат - сыт хуэдэ Iэмал1к1и Кавказыр зыIэщ1ильхьэн. Ильэс 75-к1э дуней псор зыгъэпIейтея Iэхуэгъуэхэр апхуэдэ щ1ык1эжь1э гъуэгу къытехьащ.

Сыт хуэдиз дзэзешэ Iэзэхэр къыщыунэхуа Кавказым а зэманым къыщ1ащ1ыну? Иужьрей Щамил Iимам щэджащэрт. Илъэс 25-к1э абы иригъэк1уэк1а бэнэныгъэм и пщ1эри нэхъ инт, бийри зыгъэгулэзт. Iимамыр гъэр щащ1а 1859 гъэм зыщ1ьхьэуIум и 29-р бэнэныгъэм и иужьрей махуэ хуьакъым, ауэ псори урысхэм бжьгъэк1э ираГъэк1уэтащ.

Ялэ дунейпсо зауэм тхьдэм зыздигъэзэну гъэгъэгр иубзыхуауэ жьапIэ хьунущ. 1917 гъэм мэлыхьыхьым и 2-м Урысей империер лъэлъэжащ. Хуитыныгъэм нэхъуеинш1эу щ1эхъуэпса лъэпкъ куэдым яхуэдэу, кавказ хэкурысхэми зэманым къарит Iэмалыр кьагъэщ1эпащ. Гъатхэпэмрэ мэлыхьыхьымрэ Iэуэлъауэншэ хуэдэу екIуэкIащ. Псоми накъыгъэм екIуэкIыну Хасэм зыхуагъэхьэзырыт. А зэхуэсым displaystyle Iущ1эмрэ Кавказ къымэ я зэхуакум лъэпкъыу щ1ипсэухэм я л1ыкIуэхэр къраГъэблагъат. Лъэпкъ щхьэхуитныгъэ Iуэхук1э зэхуаблэ апхуэдэ зэхуэсышхуэ абы ипэ Кавказым щек1уэк1ак1ъым.

Владикавказ дэт театрым и унэм л1ык1уэ 500 щ1ызэхуэсат. Абыхэм я нэхъыбэр ныбжьэгъу республикэхэу Азербайджанымрэ Куржымрэ щ1ыщ1эт.

Мыхьэнэ нэхъ зиIэ унафэхэр къыщащта Хасэм и етхуанэ махуэ л1эжьгъуэм псоми пщ1э зыхуащ1 Сулейм-Хьэжы жьак1эхур къэтэджри, л1ыкIуэхэм захуигъэзащ: «Алыхьтаэм фIыщ1э хузощ1 махуитху хьуауэ ди нэгу щ1эк1 Iуэху зэфIэхык1ым папщ1э. Шэч кьытехьэрэкъым мы дакъыкъэм щ1ыщ1эдзауэ ди лъэпкъхэр къуэш хуэдэу зэхущытын, зэкъуэтын зэрыщ1адзэнуми, абы и фIыгъэк1э хуитныныгъэр ехьулIэныгъэрэ зэрыдгъэзэтыными». Абы и ужьк1э Хасэм къекIуэлIахэм зэхуэпэжьну тхьэ яIуащ.

Гум имыхуж махуэт ар. Нэхъыжь къетхуахэу нэрыбгищэм щ1игъуэ я нэпсыр щ1эту КIуэрIэным ба хуащIурэ Iэплlэ зэрыщэрэшэкIыжьыр плъэгъурт. Апхуэдэ щ1ык1эк1э 1917 гъэм и к1э, 1918 гъэм и пэщ1адзэ щ1ымахуэ мазэхэр псоми яг1ихьауэу екIуэкIащ.

Гъатхэм щ1идза нэужь, ущ1эгуэзвэн щхьэусыгъуэ кьыкъуэк1ащ. Зы лъэныкъуэк1э, Лениным и кIуэгъужэгъу Коркмасов Джэлалуддин и хэкур коммунизмэм и щхьхуым игъэфэгъу, къуэш зауэзэхилбэн мурадигъуэджр кьыпIыкьуэк1ат. Мыдрей лъэныкъуэмк1э - генерал хужь къаугъэшыхэм кавказым ищ1эр, Мейкьуаго, Адыгейм, Къэрэшейм щ1ы1э щ1ыдагъэ хэщ1ыщ1ыпIэхэр зыIэщ1алъхьэну уеужьахэт. Коркмасовыр зыхуей гуэрхэм теIэбэгри, «етхуанэ колоннэр» къызэрагъэпэщащ.

Коммунизмэм и тегъэщ1ап1эжьм дин лэжьаныгъэхэм я гущысэр игъэутхуэри, нып удыхфэ зыIэщ1ап1э щ1ыхуэбэр утыкум к1ьиуащ. Дагъыстэным абыхэм Али-хьэжы пашэ щ1ахуэхуащ, Къэбэрдеим - Назир-ефэндэ. А ныкъмыр, гува-щ1эхэми, л1ьапкъ Iуэху зезыхуэ зэщ1эхьееныгъэхэм гулъэф яхуэмыхьынк1э Iэмал иIэтэхьэм. Лъэпкъыл1 нэсу (а псалъэм и мы-хьэнэ пэжым тету) зэрыщытым къыхэкIыу, абыхэм большевизмэр зэрыщыт дыдэр ялъэгъуэтэкъым. Уеблэмэ псоми пщ1э зыхуащ1 дин пашэхэу Шарипов Арслани Эффендиев Аббаси большевикхэм Iэщ1э папщ1эу къаГэщхьэпэфащ.

Комитет нэхъыщхьэр щытыкIэ гугъум иуат. Дэлэпькъуэгъурэ щ1эгъэкъуэнрэ зыщ1ынIэ ик1эщ1ынIэк1э къыщыгъуэтын хуейт. Тыркум фIэк1ак1э абыкIэ уэзыщ1игъуэн зыри щы1этэкым. Хамэ я къэралхэм зыпащ1эн папщ1э Чермоев Абдулмэжид, Къады Мэхьмэт, Бэммат Гайдар сымэ зи пашэ л1ыкIуэхэр Трабзон яутIыпщащ. Тыркум а зэманым Кавказым щыщ нэгъуэщ1 л1ыкIуэ гупи щы1эт. А Iуэхуэхэр къезыхьэжьар иджыри щхьэхуитныныгъэ зыбгъэдэмыльть республикэхэрат. Тырку л1ынык1уэм епсэлъа нэужь, кавказ республикиплIым щхьэхуиту зыкъызэрарытэжьым теуауэ хъьбар яГэ1уащ. Тхыдэм мыхьэнэшхэ щызыбыда а Iуэхуг1эуэр къыщыхъуар 1918 гъэм накъыгъэм и 18-рщ. А унафэр Анди кьуажэм щек1уэкIа Етlуанэ Хасэм къабыл щащ1ащ.

Куэд дэмыкIыу Истамбыл аргуэру зы л1ыкIуэ гуп яунэтIащ. ЛъэныкъуитIыр зэпсэльа нэужь, зэныбжьэгъуэгъэрэ зэдзэпкъуныгъэкIэ зэбгъэдэтыну зэгурыIуэхэщ. А зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткI1э, дэ щ1эгъэкъуэнышхуэ дгъуэтын хуеящ, ауэ дзыхуэзбэлэрыгъа пльыжьхэм дяпэ зрагъэщ1ри, я дзэхэр Дагъыстэным ирашащ.

Къалэн гугъу къытпльыкуэк1ат: ахэр Тыркум гурыIуэным хунэдгъэс хъунутэкъым, абы щхьэкIэ Iэмал нэхъыщхьэ щ1ыпIэ зэпыщ1ап1э Iэмал-хэр яп1эдубыдынырт.

Зауэл1эхм пыIэ щ1ыхуэхэр ящхьэрыгът. Иужьк1э «будёновкэ» пльыжьхэр щхьэрызытIэ-гъэнухэм зэкIэ ислъам диным и хъумак1уэу зыкъагъэльагъуэрт. Ауэ дагъыстэнхэр кьыпIхуэгъэщ1энутэкъым.

А зэман дыдэм хужьхэми IуэупIауэ къагъэIуащ. Абыхэм Кавказ Ищхьэрэм Бичераховыр зи пашэ урыс-къэзакъыдэ зэгуэт (нэрыбгэ мин 12) къраутIыпщащ. Апхуэдэ щ1ык1эу ди щ1ынальэм фэкIэ зэмылIэужьыгъуэу урыс армит1 кьищ1ыхьэрыуат.

Жэпуэгъуэм икуэм дежщ 15-нэ тырку дивизэр кьащ1ыкIуар. Абы Иззэт Сулейм-эн и пашэт. Тиксавилу Кузаффер, Курбан Тимур сымэ яхуэдэу куэд хэтт а дивизэм. Муслъымэн къару псомэ я пашэр Чэнэтыкъуэ Иззэт-пэщэрат.

ЛъэныкъуитIыр зэрызэгурыIуам ик1ы ик1э кавказ ищхьэрэ хэкурысхэм ныхъашу дзэ къызэрагъэпэщ1ын хуейт, ауэ апхуэдэ зэман диIэзэтхъэм. Дербентэ Петровскрэ зэзэуэ гуащ1эжэр щек1уэк1ыт. Дуней псом хахуагъэ щыщ1эрыIуэ тырку зауэл1эр дызэрыщыгугъэм хуэдэу к1ъыщ1эхэщ. Дэ зэи дигу ихужьнуК1ыхьэр къэшъ хуэдэу къыдбГъэдэта тыркуэрэ, Кавказ Ищхьэрэм шэхьид щыхъуэ щ1алэхэр.

Щ1ыкIуэгъэм и кум хъьыбар гуауэ къ1уащ. Антантэм и дзэхэм Истамбыл яубыдат. Абы кьыхэкIыу, Тырку къэралыгъуэм Кавказым щыIэ и зауэл1эр имышэжу хъуакъым. Дэрдэру нэгъэсауэ зыдгъэхьэзырыну зэман кьытхуэнатэкъым.

Щ1ыкIуэгъэм и к1эм Инджылызым и къаруэр Баку дохьэ. Абыхэм я пашэ генерал Томсон ди хуитныныгъэм и унафэр, Париж щек1уэк1ыну конференцыр къэмысауэ, къабыл зэрамышынур хэIущ1ыIу ищ1ак1эт. Ди л1ыкIуэхэр Париж чермоев Абдулмэжид, Хайдар Иброхим, дохутыр Хьэ-рэмсэ сымэ зи пашэ л1ыкIуэхэр дутIыпщащ. Бамматов Гайдар а зэманым Европэм щы1эт, ауэ конференцым хэтыну зэрримурадымкIэ хъьибар яригъэщ1ат.

Абы ирихьэлIэу Кавказ республикэхэм я хуитныныгъэр къабыл зыщ1 унафэр къ1рамыгъэщтэн мурад фIэк1а зимыIэ урысыдзэхэм Кавказым зыщ1ыбгъ1у, Ищхьэрэмк1э - плъыжьк1э хэр, кьуьхэпIэ ищхьэрэмк1э - хужьхэр, Кавказ к1уэщ1ым - «етхуанэ колоннэр». Аратт Iуэхур зыIут дыдэр. Щ1ынальэм къытеуа армэм Iэгъуэблагъэм и къуажэхэм щыпсэу урысхэмрэ къэзакъэхэмрэ къадэIэпык1ыурт.

Тхьэмахуитк1э Корниловымрэ Алексеевымрэ депсэлъа нэужь, хэкум абыхэм я дзэхэр ирашьхьэну дыдзэгурыIуащ. Большевикхэм я зэуэк1эр егъэлеяуэ гущI1эгъуншэт.

Куэцэ Пщымахуэ теухуауэ Тыркум къыщыдэк1а тхылъым и жинтыр. Зыхтар Бэрэздж Сэфэрщ. *Анкара, 2011 гъ.*

Деникиным и унафэ щ1эт дзэхэм зэдзэхуу тыншу дыззэрызэтрамыкъутэфынур къыгурыIуэрти, 1919 гъэм и мэлыжьхьыщ1 Воронеж къришри нэхъыфIу зэгъэпэща корпусит1 Кавказым къ1ишат. Зэрыкавказу бэлъхьышхуэ хэхуат. Апхуэдэу щ1ыхъум, Правительствэм хэтхэм ятеухуауэ жэуаплныныгъэ къызэрыс-хуэмыщ1энуи Iуэхэм1ыу, си пщ1эрлъэхэр зыщ1ьэщ1эгъэхащ.

Дагъыстэным большевик корпусит1 еБгъэрыкIуэрт. Ауэ а щ1ынальэр бийм зэрыпэщ1эуэну къаруэхэр зэригъэпэщ1ыну хунэсат. ШыщхьэуIум и кум Кавказ Ищхьэрэм Щамил щ1эщащэм и къэрылъху Саид Щамил къ-кIуэжри бэнэныгъэм и пашэу уат.

А зэпэщ1этныныгъэр мазибгъум нэблагъэк1э екIуэкIащ. Большевикхэм Азербайджаныр, Куржыр, Армениер яубыда нэужь, Кавказ Ищхьэрэм абыхэм я1эщ1эувэфыну к1ьинэжар щ1ыпIэ щхьэхуэхэм зыкъыщызыIэт, куэд къэзэмыгъэхуфIэн къаурэхэт. Апхуэдэ щ1ыкIэ-к1э Кавказым Совет властым зыщ1ыубгъуащ.

Мыбдежьм дигу къэдгъэк1ыжьпхъэщ урыс тепщэгъуэм и щ1эхъаджагъэ нэхъ инт1ыр. Я1эрэйр къыщ1ьхуар 1864 гъэращ. Пащтыкъ унафэм щ1ыхуэхэр мин бжьгъэк1э я хэкум ирихури абыхэм гуапэу къ1апежьа Тыркум щхьэхуимыту игъэ1эпхъуат. Етlуанэр къыщ1ьхуар илъэс 80 дэк1а нэужьщ - плъыжьхэм я унафэ ерум Сибырым и щ1ыуэпс гуащ1эмрэ тутнакъэщхэмрэ сабийхэр, бзылъхугъэхэр, зи ныбжь хэкIуэтахэр мелуан бжьгъэк1э щриутIыпщхьа 1944 гъэм. Ар Шэшэн, Ингуш, Къэрэшей, Балъкъэр лъэпкъэхэрат.

Щ1эджык1ак1уэ щхьэмахуэхэ? Хуитныныгъэм сыт щыгъуи уасэшхуэ ядат. Шэч хэлъкъым ди лъэпкъэм ар езыхэм я щхьэк1э зэрызыхэщам. Ауэ къэсыжьащ тутнакъэщхэм я бжьэхэр щ1ыIуахну зэманри. Пщ1э леи къалэжьауэ, ди лъэпкъэри ардей хуитныныгъэ зыгъэтыжа лъэпкъэм яхуэдэ хъунщ. Сэ си фIэщ мэхъу ар. Кавказым ис лъэпкъ псоми зыкъажьжьыну сохъуэхъу. Алыхьым и нэфI кьыфщ1ыхуэ!

Тхыгъэр инджылызбзэм къызыхар «Дагъыстэным теухуа хььбархэр» тхылъыр зэхэзыгъэуар **ДУГРИЧИЛОВ Муртазалиш,** *Мэхъэчкъалэ*

ЛIэужьыр бжьибл1эк1э мауэ

Куэцэ Пщымахуэ псоми зи ц1эр зэхаха, ауэ зыми фIыуэ имыщ1ыхуу щ1ыхуу ц1эрыIуэхэм ящ1ищ1. Ауэ щ1ыхьк1э Кавказыр Урысейм зэрыиэт лъандэрэ къэралгъуэм уэзыдек1уэк1ын Iэмалу бгырыс республикэм нэхърэ нэхьыфI къагупсысауэ тхыдэм ищ1эжыркъым. Кавказ республиклI къызэщ1эзыубыда а тепщэгъуэ щ1ык1ым и президенту ди лъэпкъэгъу зэрыетащ1ащ и щхьэусыгъуэр Урысей Федерацэмрэ Азербайджанымрэ теннисымк1э щ1ыхь зиIэ я тренер Куэцэ Руслан дыщ1ыхуэзам.

Тырку Адыгэ Хасэм и жэрдэмк1э, Кавказ Ищхьэрэм и президенту щыта Куэцэ Пщымахуэ и къкъащхьэм пщIэ хуащ1ыну илъэс къэс Кавказым ик1ыарэр ик1ыуалIэ. *2015 гъэ, Ферикёй*

Куэцэ-эщ1ьхэгъусэхэмрэ я ныбжьэгъуэхэмрэ.

- АХЭР зэкъуэшIлI хъууэ щытащ. Си адэшхуэ дыдэр Асльэмырэт, ар зэкъуэшIилIым я нэхъыжьт, Пщымахуэ абы кьыкIэлъокIуэ, Исмэхьил нэхъыщ1эт. Иджыри кьуэш еплIанэ яIащ, ауэ ар сурэтым щ1ымытыр сщ1эркъым. Сэ Пщымахуэ и къуэш нэхъыжьым срикъуэу аращ.

- Уэзрыщ1ыгуэ зэхэпха гуэрхэр...

- Жьэ1эжьхэр да гъэрамии да гъэрамии щ1эжьыкIыжьи, ауэ зэхэсхыжьхэм ящ1ыщ сигу кьынэжар мыращ. Бгырыс республикэм и Тхьэмадэу щылажьэм, Пщымахуэ здэщыIэр Тэрчкъалэт (Владикавказ). Арати, Сэрмэкъэ (абы щыгъуэ - Мис апхуэдэс и адэ Тэмашэ и дзэ къэжьэри, мыпхуэдэу къыжриIащ: «Ди адэ, мы гъэнэгу къэхуауэ къакIуэ властым дэ фIыуэ зыри кьытхуэдихьынукъым. Сытри къыдищ1эфынущ. Хэкум диГэкI, дызыхуеину псори зГъэхэзэращ1». Республикэм щриунафэщ1кIэ, Iуэхур къызэрагъэпэщ1ыну къыщ1экIынт. «Сыхъум деж кхъуэ къыщ1ытпоплъэ, абы нэс щыкIэ дыкIуэну», - къыжриIащ. Аущ Тэмашэ идакъым. «Си хэкум сикIыу зыщ1ынIи сыкIуэнукъым. Уэ ухуейм нэхъри нэхъ зэрахьэгъэ I1эхьыбэ Пщымахуэ Урысейм къыхуикIыпхуэу сощ1. Пащтыкъ Николай нэгъунэ теуауэу тобэ къахьыжахэщ, и щ1ыблэм щ1ыщхэр Урысейм кьокIуэ. Пщымахуэ хэсфащэкъэ апхуэдэ пщ1э? Ар сэ си Iэхуэ епIпыкIэу аращ, щыри хэзгъэзыхьэркъым.

- И кхъэлъахэр хэкум зэримытым абы и пщ1эр нэхъ щ1ыкIу ищ1ыркъым.

- Мы Iэхуэхэр къезыхьэжьэу сэри яIэу сыкъэзэгъуэтэр Хьэтэжьыкъуэ Валерэт. Арат гупIыж зыщ1ари и хьэдэр хэкум къашэжьыну. Захуагъэкъэ-т1э ар? Хэсфащэкъэ? Дэ хэкум папщ1э зыгуэр зыпльэк1а ди цIыхухэм къалэжьа пщIэр яхуэтщ1ыжьыфырхъым. Пщымахуэ ифI Кавказ псом ек1ат. Кавказ псом и Тхьэмадэу щыщ1ытакIэ, и хэкум папщ1э абы ищ1ар зэрынэхъыбэжьым шэч хэлъкъым. Тыркум зыщ1ыпIэ деж щ1ыIэтыщ, сыт хуэдизкI1э ямыгъэльапIэми, и хэкум щ1ыIэжькъым.

- Тыркум дыщ1ынэсак1э, Бэрэздж Сафэр и Iэдакъэщ1эк1ыу Пщымахуэ теухуауэ тхылъ псо тырку-бзэк1э къыдэк1ыауэ зэхэтхащ.

- СфIэфI дыдэу къэсщэхурт.

- Баку сыт фIыIэпхъуэн хуей щ1эхъуар, уи адэр дзэм зэрыхэтара?

- Хьэуэ. Пщыгум уэрэкъи жьауэрэ цIыхухэр яГэк1уэдыж щ1адза нэужь, ди адэри щысауэ жа1э, ауэ и пэжыпIэр нэгъэсауэ сщ1эркъым. 1910 гъэм къальхуат ди адэр. А Iуэхуэхэр кьыщежьар 1925 - 1926 гъэхэм ирихьэлIэуц. Соловки жьыхуэм и исац. Илъэс тощ1ыкIи и щ1ал1эжь цIыкIуу, уи нэгу кьыпхущ1эхьэзэрэ? ИтIанэ «сабийщ» къэкIуэр къаутIыпщыжа кьыщ1эхьынщ. КъызэрыкIуэжаи кьызэдэкIуэжаи тщIэркъым, ди адэм жи1эжьртэкъым ахэр. Сщ1эр а Iуэхуэм зэз тепсэльхьэну зэрыщымытараш. Ди адэ. Iэхуэгъэ къуэшу, мащIэ дыдэт жи1эжьр. Сытми, хьэпсым къикIыжри Сэрмакъ къэкIуэжа нэужь, благъэ гуэр кьигъуэта къыщ1экIынщ. МазитI-щы, нэхъыбэ дзэ ди илъэс докIри, жэщым зыгуэр хьокIуэ: «Ислъам, щ1эпхъуэж, пщэдджыжь къэкIуэнущ1э, сыкъурэ». Ильэс бжьыблыкIэ сыщыуэнкIи хъунущ, зыми зыри къызжи1эжьртэкъым, проц шынэрт. Ди анэри сыт щыгъуи шынэрт...

- Аращ хъыдэр. Шынэр, и кIэм нэс жамыIэр... Тхылъэм ит хъыдэ зэщ1эльдэр нэгъуэщI зыгъэрщ, щы-Iам темыхуэу.

- Iуэхум щымыщ1ми сщIэркъым, ауэ ди анэм теухауэи бжеI1эжьнт.

- Псори сфIэгъэщIэгъуэнщ.

- Щхьэлькъэн Щэрданэкъ ящ1ыщт ди анэмрэ ди анэ щ1ыпхъумрэ. Аэрри уэркъ лъэпкът. Къэбэрдей уэрамым мыин дыдэу уэнэ гуэр тетащ, хьэрф «Ш» и гупэ блыным тету. Уна зэтету си нэгум къыщIоувэж.

- Лъэпкъ щIалIэжьу арат?

- НтI1э. Ауэ езыхэр нэгъуэщI1ыпIэт щ1ыпсэр. А унэм Iэхуэщ1апIэ гуэр къэралым щ1эзэрихьэт. Хьэджэбз цIыкIуэхэм я ныбжь нэсри школым еджакIуэ ягэкIуат жа1э Сонет властым и зэманым. Зы илъэсит1 хуэдэ щеджа нэужь, красноармеец гуэр къэкIуэри, «Щэрданэ ейр хэт?» - жа1эри щIоупIэ. Зыр илъэсипщI, адрейр илъэсий хуэми арат. «Дэ-ращ», - жа1эри къотэджхэ. «Пщыхэм я бынэрат иджы едмыгъэджэжу къэнэжар. Фи хьэпшыпхэр зэщIэфкъуи, зевгъэхь!» - жа1эри къ1ащ1ахуэ. И адэ Щэрданэ Мурат, си адэшхуэр, гупсысэ хэхуат. Сабийхэр емыджэу къутIыпкъым. Пльхьуэм-пльхьуэгурэ, урыс бзылъхугъэ гуэр егъэджакIуэу пщIэкIэ къахуещ1э. Аргуэру илъэс-илъэсит1 докIри, егъэджакIуэр пщ1ыхьэщхьэм бзыщIауэ къокIуэ жи, зыми зыкъримыгъэпIагъуэри, къажрей1э: «Афlэкlэ сыкъэкIуэфынукъым. Сраджэри, «Пщыхэм я бынэр ебгъэджэну иджыри зэ укIуэмэ, мыр, мор уэтщIэнущ», - къызжа1ащ». Мис апхуэдэу къэнащ ди анэр илъэситIщ ф1эк1а емыджэу, апхуэдэ гупсысэкIэ куу иIэу. Ауэ ар иджыщ къыщ1ащ1эгурыIуэр.

Адыгэхэр дызэрыщ1ыфырыкъымтIэ. Гугъу дызэрегъэхьын тфIэфIщ. 1952 гъэм ди адэм зыгуэр «къыкIэщIэтхьхат». Нобэми тщIэркъым зытхар хэтми. Пщым и къуэти, езыр пщы пльэпкъти сытти жа1эуэ. Ди адэр подполковникт, нобэ-пщэдей полковник ящ1ын хуейуэ. НтI1э, ди адэм къыкIэщIэтхьхьын щ1ыщ1адзэм, ди анэр «Дыдеи къэсынущ», - жи1эри щынащ. «Грамотэ» жа1эу тхылъ гуэр унэм щIэлъауэ жа1эж. Пащтыкъым Iэ щидза хьэмэгъэ и мыхъур тетт, сытми, уэркъ лъэпкъым дыкъызэрыхэкIар зэрыт тхылъ, сэ сльагъуххакъым. Мыбыкl»-«унэ лъапсэ» зэрыжьIэм ху

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Хэкум и хуабагъ хэлъу Испаниемрэ щащIа сурэтхэр

Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ1 гъэзджэхэмкIэ музейм «Из Испании на Родину - с любовью» фIэщыгъэм щIэту КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщ1 КIыщ Мухьэдин и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ екIуэкIар дыгъэгъаэзм и 11-м зэхуащIыжащ.

ЗэIУЩIэМ кърихьэлIат КIыщ Мухьэдинрэ абы и щхьэгъусэ Мосс Жаклин Дианэрэ, республикэм и щэнхабзэм, гъэзджэм и лэжьакIуэхэр, КIыщым и творчествэм дихьэххэр.

Пщыхьыр къызэIуихащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы жиIащ сурэтыщ1 Iэзэм и гъэлъэгъуэныгъэ ди республикэм зэрыщащIар зэригуапэр, ди цIыхухэм абы и творчествэ къулейр фIыуэ зэралъагъум, зэрыригушхуэр.

- Псом апэрауэ, мы гъэлъэгъуныгъэм кьекIуэлIа дэтхэнэми фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт. Иджыблагъэ Мухьэдин операцэ щащIам гузавэу абы и узынщагъэм цIыху кУэд дыдэ къызэрыщIэупщIар, фIыкъызэрыткъуэтар хуабжьу къытхуэщхьэпащ, Тхьэм фигъэпсэу! - жиIащ КIыщым и арт-унафэщI Мосс Жаклин Дианэ.

И IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэр къызыхуэтыншэу къызэрызэрагъэпэщар КIыщ Мухьэдин кьыхигъащIащ. Апхуэдэу абы псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ операцэ щащIам гузавэу кьащIэупщIахэм. КIыщым кьыхигъащIащ ди республикэм щIэгушхуэн цIыху зэчиифIэхэр зэрикуэдыр. Апхуэдэщ СэвкIуий Хьэмид, Пащты Герман, Црым Руслан сымэ. КьищынэмыщIауэ, «КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI» цIэр ГъукIапщэ Арсен хуэфащэу къызэрилъытэр жиIащ.

КIыщым къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ абы и сурэтхэр щахъумэн музей Испаниемрэ къыщызэIуихыну зэримурадым.

- Ильэс 20-м щIигъуэуэ Испаниемрэ сыщопсэури, иджыри къызэдсым къулыкъущIхэм си творчествэм гулъытэ гуэри хуащIакъым. Кьалэм щIэуэ къытрагъэува унафэщIым гъуэзджэр фIыуэ илъагъуу къыщIэкIащ икIи си музей къысхуэзIуихыну къыщызжиIэм гуапэ сщыхъуащ, - жиIащ КIыщым.

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, Мухьэдин и сурэтхэм ящыщ, лъэпкъ дамыгъэхэр гъэщIэгъуэну щыз1эхэухуэнар, музеим тыгъэ хуищIащ.

«КIыху зэчиифIэхэм я кьежьапIэ» фIэщыгъэм щIэту КIыщым и цIэкIэ Щэджэм щIынальэм къыщыззрагъэпэща зэшуэм щыгъэкIуа ныбжьыщIэ цIыкIуэхэр щагъэлъэпIащ пшыхьым.

КIыщым и творчествэм теуухуауэ гъэлъэгъуэныгъэм къыщыпсэльащ гъуэзджэ щIэныгъэхэм я доктор **Мэлбахьуэ Борис**, Щэджэм муниципальнэ щIынальэм и щIыпIэ самоуправлениэм и унафэщI **Уэдыжь Хьэсанш**, сурэтыщI **Марченкэ Владимир** сымэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Осетие Ипщэ Республикэм и Тхылъ плъыжь»

● ЩIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ «Осетие Ипщэ Республикэм и Тхылъ плъыжь» къыдэкIыгъуэр.



- ТХЫЛЪЫР гъэхьэзырыным щIэныгъэлI зыбжанэ елэжьащ, абы кьыхэкIыуи и фIагъкIэ дагъуэ хуэпщIыкфынукъым. «ЩIыуэпсыр хъумэным хуэгъэпса кьыдэкIыгъуэр и купщIэкIи, и мыхьэнэкIи зихуэдэ щымыIэ тхылъ телъыджащ. Абы ихуа псэущхьэ, кьэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэр къэралым и нэIэм щIэту хъумэныкмкIэ кьыдэкIыгъуэм кьаIэныщхуэ игъэззщIэнущ, - щы-жиIащ тхылъым и пэублэ псалъэм Осетие Ипщэ Республикэм и Iэтащхьэ Бибилов Анатолий.

КьыдэкIыгъуэм ихуа тхыгъэхэр зэрызэхэтми абы и теплъэми егугъуащ. Кьапщтэмэ, плъыфэ зэхуэмыдэхэр дахэу къызытещ тхылъымпIэ напэ Iувхэр кьагъэсэбэпащ, кьэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я сурэту 100-м щIигъу итщ, кьищынэмыщIауэ, Осетие Ипщэ Республикэм и щIыуэпсэм и теплъэ дахэхэр къыщыгъэлъэгъуащ. Тхылъым и жинтыр дыщэпскIэ гъэщIэрэщIащ.

Тхылъ плъыжьыр - ар къэрал дэфтэрщ, Осетие Ипщэ Республикэм куэдрэ ущыхуэмызэу, кIуэдыжьынкIэ шынагъуэ зиIэхэу щыIэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ къыщыгъэлъэгъуауэ. Апхуэдэу абы къыщыхьащ биологиемрэ экологиемкIэ щыIэ щхьэхуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр, щIыуэпсыр хъумэныкмкIэ Iэмалхэр.

КъыдэкIыгъуэр къахуэщхьэпэнчущ щIыуэпсыр хъумэныкмкIэ щыIэ Iуэхущ1апIэхэм я Iэщ1агъэпIхэм, администрацэхэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ я лэжьакIуэхэм, лъахэхутэхэм, биологхэм, зоологхэм, экологхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и зэхэлъыкIэм дихьэх дэтхэнэ зыми.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Хэкум и хуабагъ хэлъу Испаниемрэ щащIа сурэтхэр

● Банк Iуэхухэр

ЩхьэщатыкIыр ягъэмащIэ

Нэгъуэщ1 банкым къыщащта ипотекэм техуэ процентхэр егъэмащIэ рефинансированиемрэ (зы банкым щIыхуэ къраIыхьу адрейм ейр щапшыныжкIэ).

КРЕДИТ зэмылIэужьыгъуэу 6-м нэс абы къыззщIебгъэубыдэ мэхъу, щIыхуэ къэзыщтам ипшынижьыр иригъэмащIэн икIи процент 10 нэхъыбэ темыхьэу и щхьэ IуэхукIэ кредитыщIэ къэпщтэфын хуэдэу. А Iэмалыр къэбгъэсебэп хьунущ потребительскэ е авто кредит сыт хуэдэ банкми, ХъумапIэ банкри яхэту, щIыхуэ къыщIепIыхкIэ, къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI банкхэм я кредит картэхэмкIэ ущыпшынэкIэ.

«Рефинансированиер хуабжьу сэрэпщ1 2014 - 2016 гъэхэм щыIа ставкэхэмкIэ кредит къэзыщта цIыхухэм я дежкIэ, а зэманым щхьэщатыкIыу ягъэувар зэрынэхъыбэм къыхэкIыу. ХъумапIэ банкыр хущIокъу кредитэр нэхъ езэгъырабгъу зэрыхъуным. Абы и иджыпхэ ставкхэр рынокым щынэхъ пльхъыш3 дыдэхэм ящыщщ икIи процентыр 9,5-м нэсу аращ. Рефинансированием цIыхухэм щIыхуэр ящегъэпсынщIэ, кредит зыбжанэр ХъумапIэ банкым процент нэхъ мащIэ зытехуэу зым къызэщIрегъэубыдэ икIи я щхьэ Iуэхум трагъэкIуэдану иджыри ахъщэ лей къаретри» - жеIэ ХъумапIэ банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

«ХъумапIэ банк» ПАО-м и ипотекэ кредитыр зэрат щIыкIэм нэхъ зэпкърыхуэу щыгъуэзэ зыщыпщIыфынущ Domclick.ru сайтым.

КъАУДЫГЪУ Заур.

● Футбол

ШколакIуэхэр япэ йощ

Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта джэгуГъуэхэм яужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым бжьыпэр щабыдащ Налшык дэт курыт школ №31-м и еджакIуэхэм.

ШКОЛ №31-р мы гъэм игъэлъэщащ Прохладнэм къиIэпхъуКIыжа «ГорИс-179»-м. ПэщIэдзэ джэгуГъуищым абыхэм я закъуэщ я хьэрхуэрэгъу псори щыхэзыгъэщIэфар.

Хъарзынэу щIэзыдза «Спартак-Налшык-д»-р къызэтригъэувыIащ «Мурбек»-м. Иджыри кьэс зыри зыхуадмыгъэкIа командитIыр топ тIурытIкIэ зэхъуэжащ икIи, зэрытемыгъэкIуауэ, зэбгъэдэкIыжащ.

Пашэхэм Гъунэгъу къахуэхъуащ Налшык и «Звезда» командэ пльащIр хэзыгъэщIа «Ансар»-мрэ куэдкIэ узыщыгъуГъ хъуну Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ.

Ещанэ джэгуГъуэми текIуэныгъэр щызэIэригъэфакъым нэгъабэрей зэхьэзэхуэм и чемпион Къэхъун и «Керт»-м. Ар иджы пэлъэщакъым «Спарта-Малка»-м.

Псоми къызэрыхагъаКъИэпхъуКIыжа «ГорИс-179»-м. ПэщIэдзэ джэгуГъуищым абыхэм я закъуэщ я хьэрхуэрэгъу псори щыхэзыгъэщIэфар.

Хъарзынэу щIэзыдза «Спартак-Налшык-д»-р къызэтригъэувыIащ «Мурбек»-м. Иджыри кьэс зыри зыхуадмыгъэкIа командитIыр топ тIурытIкIэ зэхъуэжащ икIи, зэрытемыгъэкIуауэ, зэбгъэдэкIыжащ.

Пашэхэм Гъунэгъу къахуэхъуащ Налшык и «Звезда» командэ пльащIр хэзыгъэщIа «Ансар»-мрэ куэдкIэ узыщыгъуГъ хъуну Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ.

Ещанэ джэгуГъуэми текIуэныгъэр щызэIэригъэфакъым нэгъабэрей зэхьэзэхуэм и чемпион Къэхъун и «Керт»-м. Ар иджы пэлъэщакъым «Спарта-Малка»-м.

Псоми къызэрыхагъаКъИэпхъуКIыжа «ГорИс-179»-м. ПэщIэдзэ джэгуГъуищым абыхэм я закъуэщ я хьэрхуэрэгъу псори щыхэзыгъэщIэфар.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм: **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **3:2**, **«Звезда»** (Налшык) - **«Ансар»** (Налшык) - **1:2**, **«Спарта-Малка»** (Налшык) - **«Керт»** (Къэхъун) - **0:0**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **1:2**, **«Велес»** (Къэрэгъоф) - **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **0:2**, **«Астемыр»** (Налшык) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **2:2**, **«Спартак-Налшык-д»** (Налшык) - **«Мурбек»** (Налшык) - **2:2**, **«Школ №31-ГорИС-179»** (Налшык) - **«Къулькъужын-КъБКъУ»** (Налшык) - **2:0**.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2017/2018 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Школ №31-ГорИс-179»**	**3**	**3**	**0**	**0**	**7-1**	**9**
2.	**«Спартак-Налшык-д»**	**3**	**2**	**1**	**0**	**9-2**	**7**
3.	**«Автозапчасть»**	**3**	**2**	**1**	**0**	**5-2**	**7**
4.	«Ансар»	3	2	1	0	5-3	7
5.	«КъБКъМУ»	3	2	0	1	8-6	6
6.	«Мурбек»	3	1	2	0	3-2	5
7.	«Спарта-Малка»	3	1	2	0	1-0	5
8.	«Шагъдий»	3	1	1	1	3-3	4
9.	«Велес»	3	1	1	1	2-2	4
10.	«Союз-Сэрмакъ»	3	1	0	2	3-4	3
11.	«Звезда»	3	0	2	1	3-4	2
12.	«Керт»	3	0	2	1	2-4	2
13.	«Астемыр»	3	0	2	1	3-6	2
14.	«Къулькъужын-КъБКъУ»	3	0	1	2	0-3	1
15.	**«ЛогоВАЗ»**	**3**	**0**	**0**	**3**	**2-8**	**0**
16.	**«Спартак-Налшык-н»**	**3**	**0**	**0**	**3**	**2-8**	**0**

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Мамбэт Михаил и цIэкIэ

Щэджэм къалэм дэт Спортым и уардэунэм щекIуэкIащ район администрацэм и япэ Iэтащхьэу щыта Мамбэт Михаил и фэеплъу къызэрагъэпэща алыдж-урым бэнэкIэмкIэ еханэ республикэ зэхьэзэхуэ.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м и щIыналъитхум къикIа бэнакIэ 60-м щIигъу. Зэпеуэхэр щекIуэкIащ я хьэлъагъ елъытауэ ягъэша гуп 11-м. Псори зэхэту саугъэт фондыр сом мин 60 хьуу щытащ.

Зэхьэзэхуэр кьащIызэIуахым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, щIыпIэ унафэщIхэр, спорт зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр, Мамбэтым и унагъуэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

ЗэIущIэ дахэ кьагъэлъэгъуэну, я спорт зэфIэкIхэм хагъэхъуэну спортсменхэм ехъуэхъуащ Щэджэм щIынальэ администрацэм и Iэтащхьэ ТекIуэнэ Артур, Севастополь кьалэм и Балаклавскэ районым и Советым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Бабошкин Евгений, КъБР-м спортымкIэ министрым и Iуэхущ1э Хэжь Заур, КъБР-м и Парламентым и депутат Мэремыкъуэ Арсен, Мамбэт Михаил и щхьэгъусэ Фуэзрэ и къуэш Валерийрэ.

АдэкIэ зэхьэзэхуэхэм щIадзащ. Гуп зэпеуэм пашэ щыхъуащ Щэджэм щIынальэм и бэнакIуэкIэр. Абыхэм къакIэлъокIуэ Дзэлыкъуэ районым и лыкIуэхэр. Щэрэдж щIынальэм къикIа спортсменхэр ещанэщ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ къыщыхжаныкIахэмрэ кубокхэр, медалхэр, щIынальэ администрацэм и грамотэхэр, Мамбэт Михаил и унагъуэм я гъэуба захъэ саугъэтхэр ираташ.

МЭЗКУУ Къан.

● БэнэкIэ хунт

#Ислъэмей щIалэхэм я ехъулIэныгъэ

Усть-Кинельск къалэм дэт Самарэ къэрал мэкъумэш академием и спорткомплексым мы махуэхэм щекIуэкIащ СССР-м спортымкIэ и мастер Сурков Сергей и фэеплъу къызэрагъэпэща бэнэкIэ хуитымкIэ ХХ урысейпсо ныбжьыщIэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащИслъэмей жылагъуэм щыIэ «Вымпел» спорт клубым и гъэсэнхэр икIи медаль зэмылIэужьыгъуэу 5 къахьащ.

ЩЫБЭНА гупхэм нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ Улымбащ Аслъэнбэчрэ (кг 35-рэ) ЕмэзшИслъамрэ (кг 42-рэ). Дыжьын медалыр зыIэригъэхьащ зи хьэлъагъыр килограмм 35-м нэблагъэ Шыгъэлыгъуэ Айдэмыр. А гуп дыдэм ещанэ щыхъуащ Шыгъэлыгъуэ Къантемыр. Иджыри зы жзз медаль кьихьащ килограмм 42-рэ зи хьэлъагъ Къуэдзокъуэ Мурат.

«Техникэ нэхъыфI» къызэригъэлъэгъуам папщIэ саугъэт щхьэхуэ кьыхуагъэфэщащ ЕмэзшИслъам.

Спортсмен ныбжьыщIэхэр ягъасэ тренерхэу Елмэз Аслъэнрэ Мэрщэнкъул Тимуррэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Баскетбол

Спартакиадэм хохьэ

Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ тутнакъэщхэм я спартакиадэм хиубыдэу къызэрагъэпэща баскетболымкIэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ командэу 8

КIЭУХ зэпеуэхэр щызэхэтащ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт Iэхущ1апIэм. Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ ИК-3-м и гупым. ЕтIуанэ Iуэхущ1апIэ лъысащ Управленэм и аппаратым и командэм, ещанэ хъуащ уголовнэгъэзащIакIуэ инспекцэм баскетболистхэр.

ТекIуэхэм щыIэх тхылъхэр ираташ.

- Мыпхуэдэ Iуэхухэр хуэунэтIащ УИС-м и лэжьакIуэхэр спортым дегъэзхьэхыным. Ахэр сыт и гъэныкъуэкIи псыхьауэ щытын, я зэфIэкIым хагъэхъуэн хуейц я кьалэнхэм пэлъэщын папщIэ, - жиIащ Управленэм ОК-мрэ РПС-мрэ я Iэщ1агъэм хэгъэхьэзырыныкмкIэ и гупым и инспектор Дэхъу Мурат.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Мелуан ныкъуэм щIигъу

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ страховой компаниехэм ящыщ зым и лэжьакIуэм ахъшэшхуэ зыкIэщIиупщIауэ.

IУЭХУР щызэхагъэкIым наIуэ къэхъуащ страховой компаниемрэ и кьудамэм щылажьэ цIыхубзым (илъэс 31-рэ зи ныбжьым), дзыхь хуащIа бланкхэр идыгъуурэ, 2016 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ мы гъэм и фокIадэм нэсыху, цIыхухэм зэгурыIуэныгъэхэр ярищIыпIлащ. Абы къыпэкIуа сом 513851-р езым зыкIэщIиупщIри, компаниемкIэ зэхущIныгъэ иритащ.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и следственнэ кьудамэм шэч зыхуащIым теуха уголовнэ Iуэху къиIэтащ, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьым ипкъ иткIэ абы илъэси 6 тезыру тралъхьэнкIэ хъунущ.

ЗэкIэ щIыпIэр имыбгынэну хуагъэуващ.

И гъунэгъур... къодыгъуэ

Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм и пльыр частым илъэс 23-рэ зи ныбжь къалэдэс цIыхубзым дыгъэгъаэзм и 14-м зыхуигъэзащ. Абы жиIащ Хьэсэней къуажэм дэт и унэм щIэсу и сумкэм сом мин 65-рэ и уасэ дыщэхэкI зэрыладыгъукIар.

УПРАВЛЕНЭМ уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм дыгъуакIуэр ящыщIащащ. Ар илъэс 22-рэ хъу а цIыхубзым и гъунэгъу щIалэрщ. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ.

Гъэпцlакlуэр яубыд

«Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и пльыр частым зыхуигъэзащ а щIыпIэм щыпсэу, илъэс 44-рэ зи ныбжь цIыхухъум.

АБы зэрыжиIамкIэ, интернетым хъыбар кьыщигъуэтат езыр зыхуэй машинэ двигателым хуэдэ ящIу. Ар зыщIэм епсалъэри, и уасэр хуигъэхьащ. ИужькIэ абы зыпищIэну Iэмал игъуэтыжакъым, кьищынхуари кьыIэрыхьакъым.

Iуэхур уголовнэ къэлъыхъуэныгъэм и лэжьакIуэхэм зэхаГъэкIащ икIи шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, Краснодар къалэм щыпсэу щIалэщ, илъэс 24-рэ и ныбжьу.

ЩIалэщIэм илэжьамкIэ зиумысыжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядэлэжьэныкмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьащIыхьа бжьыгъэхэм, кьащIаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *редактору* **Чэрим Марьянэ**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ**, *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейц сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1612